


# Tànk-ndànk

WOLOF

CE1

Jéego  
6

Téere  
1



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal  
  
Ministère de l'Education Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

# Tànk-ndànk 6

## Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :  
<https://creativecommons.org/>

# **Li téere bi ëmb**

Tukkib Bëgguma .....	4
Mberi Cuuj bi .....	16
Siñel ak Lëg .....	28
Kumba amul ndey .....	40

# Tukkib Bëgguma



Amoon na fi benn jàñq bu tudloon Bëgguma. Moom rekk la buur bi amoon buy dund. Ba mu juddoo ba am juroom ñaar fan la ñu ko tudde Bëgguma. Li ko waral mooy. doom ju buur mas a am. day dee laata ñu koy ngénte.

Jabaru buur dafa tåmmoon di ko tëral ca kerug guy **péey** ga. Garab gu réy gu **ràññeeku** la. Fa la ñuy jële dogal yépp. Foofu la aska wi faral di daje. Bëgguma juddu na ba am ay at, mënul a dox. Buur bëgg koo wutal jëkër, waaye gisul kenn.



Bëgguma tollu na ci séy te amul jékér. Li gën a yéeme; saa su xew amee ci dëkk bi, day yendoo jooy rekk. Waa dëkk bi jàpp ni li mu amul jékér a tax.

Benn bés, Bëgguma raam ba ca suufu Guy ga, wéeru ca **dàtt** ba. Ca la aw wuy **wadd**, Bëgguma for ko, boole ko ak ay jooy. Ci la ko garab ga ni, sama doom looy jooy? Mu ni ko, li ma metti mooy, Guy dangaa ñàkk sa benn doom.

Tontu la **lënt** na Guy, moom mi jàppoon ni li ko nit ñi beddee tax. Bëgguma ni ko, saa su nit ñi dajee ci ker gi, dañuy faral di witt sa xob yi.



Ngir teggi nattu bi dal Bëgguma, Guy digal na ko mu **gàdday**. Noonu mu ne ko: fa nga jëm, dinga fa fekk sama seex Wëtteen.

Bëgguma boole am yaakaar ak **njàqare**. Guy dalal xelam ne ko dina la dimbali. li mu wax mooy: wuy wi nga for, boo ko tojee, digna fa fekk ay doom. Doom bu ci nekk, loo ci ñaan mu am.

Jël ci benn. Soo ci ñaane, daldi dox. Ca yaram, Bëgguma daldi jël benn doom, ñaan ci mën a dox. Ca la jafandu ca garab ga ngir jéem a jóg. Mu jóg taxaw, teg tànk, tegaat beneen, far dox.



Bëgguma am mbégte, sant Guy bu baax, daldi gàddaay. Fàttewul boqaale wuy wa. Ba mu demee, xob yaa ngay yëngu mel ni ñu koy ñaanal.

Ba mu doxee ba ca digg àll ba, mu daje ak Sàmba muy wër fu juram lekke. **Bekkoor** ba tax na ndox ma ñàkk, gancax ga néew. Jamano jooju, ñu ngi tollu ci **ruuj** ngir waajal nawet bi. Ca la benn beykat doon lakk toolamfaf taalaale àll ba.

Bëgguma jël benn doom ca wuy wa, ñaan ca, daay ga fey. Ca la Bëgguma waxtaan ak beykat bi ak Sàmba ci nuñuy aare àll bi.

Bëgguma digal leen ñu jëmbat ay garab su tawee.



Ca la Bëgguma jëlaat yoonam di dem. Dox na lu yàgg ba àgg ci benn selebe yoon. Mu jaaxle ndax xamul wan yoon a koy yobbu ca dëkku garabu Wëtteen ga. Ca la ko Sideem woolu ni ko: waaw sama doom foo jëm? Bëgguma ni ko, damay wër dëkku garabu Wëtteen. Dox naa ba sonn. Sideem ni ko, foral ci sama doom yu ñor yii ndax war ngaa xiif. Ba mu ca lekke tuuti, la far nelaw. Ca biir nelaw yooyu, mu gént gis jigeen ju màggat mel ni ku ko doon wër. Ci biir gént gi, soxna si jox ko **koog** su def ay doomi garab.



Ci gént gi, soxna si xamal na Bëgguma ni dafa war a ji doom yooyu su bët **sébbee**. Su ko defee, dina moom lépp lu am ci àll bi.

Ba ko soxna sa tällalee koog sa, ca la yewwu. Bëgguma **xippi**, gis am picc mu rafet tiim ko di naaw. Mu jékki-jékki taxaw, séen picc may dem mu topp ko. Ca yoon wa, taw bu bari dab ko.

Mu dem seelu ci genn taatu garab, xaar ba mu **sewet**. Ca la jóg jëlaat yoonam ba yegg ci dex gu dagg yoon wi. Mu génne ab doom ca wuy wa, ñaan ca ndax mu mën a jérgi dex gi. Mu jékki-jékki gis ab **looco** buy jéggil ay jigeen, ñu yobbaale ko.



Ba ñu dawee tuuti ca ndox ma, looco ba tàmbalee jël ndox. Ñu laaj ko turam, mu ni leen Bëgguma laa tudd. Ca la jaaxle feeñ, ku nekk di yuuxu ndax tiit. Ci lanu ko daldi bëgg a sànni ci ndox mi. Kenn ci ñoom digal jowkat bi mu sës ci tefes gi ngir wàcce ko fa.

Bëgguma jëlaat ab doom ci wuy wi, ñaan ci ndax mu mën a jéaggi dex gi. Mu sànni doom ba ca ndox ma, mu daldi soppaliku am yeew mu ko jéggil. Ci yoon wi, yeew mi laaj ko fu mu jëm.

Mu ni ko, dëkku Wëtteen laa jëm te maa ngi bëgg a sonn.

Yeew mi ni ko, su timis jotee, dinga daje ak Fas wu la yobbu ca dëkkub Wëtteen.



Ba Bëgguma jéggee dex ga, la timis jot. Mu jël aw **ñall** wu dëng, boole ko ak xiif, mar ak sonn.

Mu séen aw fas wu weex wu tëdd ci digg yoon wi. Ba mu ko jubee, fas wa ni **bëret** taxaw. Mu jaaxle, fas wi ni ko yaw janq bi foo jëm ci waxtu wii? Fii, ku fi mas a jaar rekk, am ay jafe-jafe. Bëgguma ni ko, ca dëkk ba laa jëm ndax damaa war a daje ak Wëtteen. Fas wa ni ko, ku la fa **yebal?**

Bëgguma nettali ko ay jaar-jaaram.

Fas wa yaramam daw, mu daldi ko jël yobbu ka ca dëkk ba.



Fas wa wàcc ba tollu ak moom, ni ko yéegal.

Ñuy dox guddi gi yépp. Lu ñu dajeel ci yoon wa, fas wa xamal ko njariñ  
la mu ëmb.

Ba fajar jotee, ñu àgg ci dëkk bu nekk ci aw xur.

Dëkk bi yépp, àll bu lëndam a ko wër. Laata ñuy yegg ca kér Wëtteen,  
dëkk ba yépp yëg na ñu ko. Waa dëkk ba teeru leen, teeru bu réy bu  
ànd ak ay woy ak am pecc. wëtteen ,boroom dëkk ba santaane ñu  
berndeel leen.

Wëtteen xamal leen ni gan gii, doomu buur la. War nanu ko jox cér  
bi mu **yellow**, kon solal leen ko ni **gelewaar**.



Ca la waa dëkk ba daldi **sóobu** ca nganale ga.

Ñu wut ay nag yu bari, ay xar ak yeneen xeeti gàtt. Ku ci nekk sol nga sa yére bu gën a rafet. Waaye, colug Bëgguma moo ca gën a ràññeeku.

Am na ay càqu **peme**, wurus, ay lam, dàlli maraakiis, yére yu ñu ràbb.

Ca lañu ko teg ca **gàngunaay** ga ci teewaayu xeeti rab yépp.


La tax ñu màggal ko, mooy, nekk buur, mayu yàlla la. Kenn waru koo fowe. Képp ku koy fowe, mu ngi mel ni kuy tilimal moomeelu sunu boroom.

Ba nganale ga jeexee, Bëgguma santaane ñu ji la des ca doomi wuy wa, ndax dëkk bi naat.


## Laaj yi

- 1 Lu tax Bëgguma di faral di jooy ?
- 2 Kan moo ko tegtal mu tukki ?
- 3 Yan pexe la jël ba génn ci jafe-jafe ya muy jànkoontee ?
- 4 Lan nga xalaat ci tukkib Bëgguma ?

# Mberi, Cuuj bi




# Mberi, Cuuj bi




Mberi as Cuuj la woon, wante kenn masul gis ku ko gën a muus.

Ndeysaan, bi mu amee juroom ñetti bés rekk la nekk jirim, ay waajuram dañoo génn àddina ndax xiif. Buur feyu leen woon saaku mboq ba mu leen leboon, moo tax mu dem feyeku ji ko. Cuuj àjji mbuusam, gàddu ko, ci yoon wa mu fakkastalu ci ab ëkk ba sax **tërëf**. Mu jóg, wax ci yar ak teggin ndax mu baal ko. Ëkk baal ko ci xol bu sedd ndax da koy niiroo ak Cuuj bu am jom. Laaj na ko itam fan la jëm ak tuutaayam. Mu tontu ko ne dey dem ca Buur mu fey ko li mu ko ameel. Ëkk bi nangu ànd ak moom wante soppaliku na ba toll ni bantu almet. Ci la ko fob dugal ko ci mbusaam.



Mberi jëlaat yoon wa, daje ak am muus, mu foog ni am na yàpp wu nooy te bees. Cuuj wax ko ne du lekkam ndax duuful te itam nooyul. Muus mi nangu ko, wante laaj na ko ndax mën naa xam lu tuy dox suba teel gii. Mberi ne ko day dem ca Buur ba jëli li mu ko ameel. Muus mi ànd ca ndax yaakaar na am fa lu baax ci moom. Ba mu soppeeliku ba mel ni peppu dugub, mu fob ko, dugal ca mbuusam. Ci la bukki fëlle, laaj Cuuj fu mu jëm ak waaxoom. Mu tontu ko la mu waxoon Muus ma. Bukki nangu moom itam ànd ak Cuuj, daldi soppeeku ba mel ni peppu ceeb. Mberi for ko, dugal ko ci mbuusam, waaxu di wéy.



Mberi daje ak gaynde mu laaj ko: fan nga jëm ci xàll wu yaatu wii?

Mberi ni ko, maa ngi jëm ca Buur ba ngir mu fey ma li mu ma ameel.

Gaynde soppeeku ba mel ni peppu poobar, Mberi jël ko dugal ci mbuusam.

Bi mu doxee ba sori, mu daje ak aw ñey wuy daagu, mu laaj ko ndax fa mu jëm sori na? Cuuj ni ko déedeet, ca Buur laay dem ngir mu jox ma li mu ma ameel. Ñey nangu ànd ak moom ñu dem. Cuuj teguwaat ca yoon wa, tase ak jenn jàmbaar, mu laaj ko fu mu jëm ak mbuusam mu rëy. Cuuj ne ko damay dem ci Buur jëlli li mu ma ameel. Jàmbaar ja ànd ak moom, soppeeliku ba tolloo ak guddaayu ñebbe. Mberi fob ko dugal ci mbuusam.




Cuuj ak ña mu àndal soog a àgg ca dëkku Buur ba. Ba ko waa dëkk ba séenee muy ñëw, ñu fëx wuti Buur ngir yëgal ko ko. Ñu yegg ca Buur ne ko: Cuuj dafa ñëw feyeku si saaku mboq bi ko Buur ameel. Buur ca coxar ga, ni leen, ñu baxal ndox, su tàngee jérr, ñu soodee Cuuj bi. Su deewee, dëkk bi du ko feyati. Ba ko doomu Buur bu jigeen bu soxar ba déggee, mu tàccu, boole ko ak di cëppi-cëppi. Mu ni leen: man mii, may xëpp ndox mi Cuuj bi, baxalleen ndox mi. Ba ñu noppee, doomu Buur jóg yenu ndab lu fees ak ndox mu tàng jérr wutali Cuuj.




Ba Cuuj gisee doomu Buur muy ñëw, daa tiit bay lox. Ca dalam ak xelam, mu yuuxu, woo Ëkk ngir mu ñëw dimbali ko. Ëkk daldi fëlle ca mbuus ma, soppeekuaat ba na mu tollu woon. Mu xët doomu Buur ba mu daanu. Ndox mu tanggal ma mu yenu lakk ko. Waa dëkk bi jaaxle lool. Ci la kenn ci ñoom ni: nanu tëj Cuuj bu soxor bii ci ngunul ginaar yu mag yi. Dina ñu ko cof ba mu dee.

Mberi daldi gaaw a yuuxu, woote turu Muus ngir mu wallusi ko. Muus génn ca mbuus ma, tolluwaat na mu tollu woon. ci la muus yiital ginaar yi ba ñu daw.



Jenn jigeen ne : nañu tēj Cuuj bi ci biir mbaaru bý yi, dinañu ko joggi ba mu lott. Ci la Mberi gaawtu, woo Bukki mu ñëw dimbali ko. Bukki fëll ca mbuus ma, soppalikuwaat nu mu tollu woon, Ba ko bý ya gisee dañu ne fes, gaaw ne melax. Benn sàmm tëb ni leen nu tēj Cuuj bi ci géttu nag yi, ñu joggi ko mu dee. Mberi gaawtu wo gaynde mu wàllu ko. Gaynde génn ca mbuus ma, delluwaat na mu tollu woon, rey nag yépp, lekk ba ca gën a duuf.



Waa dëkk ba mer bay putt. Li leen jaaxal mooy nan lañuy def ba tåggoo ak jiney Cuuj bi. Ka jiite sàmmkat ya ni leen têjleen ko ak gileem yi. Dinañu ko matt, dëggaate ko ba noppi xoj ko mu yem fa. Mberi sàkku ñu wool ko Ñey ngir mu dimbali ko. Ca la ñey wi bëtt mbuus ma ngir dimbali Cuuj. Dafa daldi soppalikuwaat ba tollu na mu tollu woon. Ñey jëkk a xool gileem ya. Ba mu ca noppee, mu fëgg leen **ñoxam** bu gudd ba, moxoñe leen benn benn.



Waa dëkk ba jaaxle ba xamatuñu lu ñuy def. Ñu woo Buur ba nettali ko li xew. Buur bi ne leen, cuuj bu amee nii pexe, bu nu ci jógul, am gácce. Nanu ko jox saaku mboqam te mu dem yoonam. Ñu jox Mberi saaku mboq ba ñu ko ameel. Ci la Cuuj génne dëkk ba. Ba Cuuj demee ba wéet ca àll ba, Buur digal waa dëkk ba ñu dab ko. Mu ni leen, su nu ko dabee, nanu ko fitnaal ba noppi jëlaat ndonoom li. Ca noonu, la Buur ubbilu fa ñu deñc alal ja. Ñu jox Mberi saaku mboq ba ñu ko ameel. Ci la Cuuj génne dëkk ba.



Ba ñu ca tegee ab diir, Buur dajale mbooloo ma. Mu ne leen, jëlileen fas yi nu toppi Cuuj. Ca lañu takk fas ya ngir dàqi Cuuj. **Gawar** gu nekk tàmbali di kañu defe ne **mooy** waa ja.

Kenn ni, su ma ko jàppee, dama koy wayloo.

Keneen dolli ci ni, man, dama koy wëndeel ko ba mu miir.

Ñetteelu gawar ga naan, dama koy boole ak siiru.

Keneen ni, yeen mënu leen, dama koy teg yen bu diis, ba mu xam li nu daj ci coono.

Benn gawar ni leen, defleen ndànk, te bañ a fàtte li Cuuj jot a def.

Cuuj bii du Cuuju neen ndax moo tax ba jigéeni dëkk bi yépp di **ténj**.



Ba Mberi séenee pëndu gawar yu takku ya ñuy ñëw, mu yuuxu, woo Jàmbaar ja ngir mu wàllu ko. Jàmbaar ja daldi fëlle ca mbuus ma, soppeekuwaat na mu tollu woon. Ci la leen songe, am nu daw, ña sa des mu daan leen ñoom ñépp. ña koy dàq ñépp. Mberi jëlaat mbusaam tegu ci yoonu dëkkam.

Ci la ko Jàmbaar jëlal mbuusu mboqam ma. Ci lañu ànd di dox ba yegg ca dëkk ba. Ba ñu yeggee, mbokk yépp ñëw sargal ko. Mberi nettali leen jaar-jaaram yépp. Ci la séddale mboq ma ay mbokkam ak xaritam ya.

## Laaj yi

- 1 Lu tax Mberi di dem kér Buur ?
- 2 Joxeel ñaari melokaanu Mberi ?
- 3 Nan la Mberi def ba ànd ak rabi àll yu bari ?
- 4 Joxeel sa xalaat ci li Buur def ?

## Siñeel ak Lëg



# Siñeel ak Lëg



Benn bés, Siñeel ak lëg dañu àndoон tukki. Ca yoon wa, lëg ni  
àndandoom ba :

- Sama waay, doon naa kontaan su ma xamoon ni nga tudd.
- Siñeel ni ko: looy doye sama tur ?
- Lëg ni ko: wax ma ko rekk.
- Man? Maa ngi tudd Siñeel. Yow nag ?
- Man? Maa ngi tudd Gan.

Nu ngi topp seen yoon di wéy.

Siñeel ak Lëg sonn lool ndax yoon wu gudd wa.



Coona ba tax, bi ñu egsee ci dëkk ba, ñu ñaan ñu may leen fu ñu dalloo ak lu ñu lekk. Ñu dalal leen ci benn néegu ñax. Ca ngoon ga, benn aji-defal yálla indil leen leget gu fees dell ak ceeb bu ñor xomb.

Aji-defal yàlla ji teg leget gi ci suuf, ni leen:

- Boroom dëkk bi moo yónnee gan ñi ceeb bii.
- Siñeel ba bëgg ko jëfandikoo moom doñj, waaye Lëg fippu:
- Sama waay, ceeb bi du yaw rekk lañu ko jägleel. Gan gi moo ko moom, te man la. Boroom dëkk dafa la war a fàtte!

Siñeel bi des ak xiifam. Ca xaaji guddi, xiif sonal ko, mu jóg, sol yére Lëg, génn wut lu mu lekk.



Siñeel dem ruur tool ba mu jëkk a yem. Pataas ba ak mboq ma, lépp la lekk ba biiram fees dell.

Ca suba ga, waa dëkk ba gis ñu yàq lool seen tool. Ñu mer ba futt, jubali néegu ñaari tukkikat ya di yuuxu:

- Gan yu bon yii, ñoo ñu sàcc.
- Lëg ne bëret yewwu.
- Sama xarit, lu xew?
- Siñeel, ca yewwuteem ga tontu : wax dëgg yàlla xamuma li xew.
- Nit ñii, kontaanuñu te yaw yaa ko waral.
- Ñu ngi xultu rekk jëmale ko Gan gi.



Boroom dëkk woolu ñaari àndandoo yi. Ba mu gisee ne yéere Lëg dafa taq, mu foog ne moo def jëf ju ñaaw ji.

- Boroom dëkk ni Siñeel, wax ñu sa xarit bi ñaata yar lañu ko war a dóor ?

- Siñeel bi tontu ne ; yar yi mën nañu bañ a bari. Yëramleen ko rekk ndax sama xarit la. Ci sama xalaat, ñaari téemeeri yar rekk doynañu.

- Boroom dëkk ni Siñeel, loolu dafa néew, ñetti téemeer dina baax ndax li mu yàq dafa bari.

- Lëg jaaxle, di xool bët yu ànd ak yërmande.

Lëg ne boroom dëkk bi: Balaa ñu may teg ay daan, damay ñaan ñu woolu ay àttekat.



Ba àttekat ya egsee, Lëg ñaan leen ñu jox leen ñu naan luy goqiloo  
ñam wañu lekkoon.

Lëg a jëkk a naan waccu ceeb. Siñeel, ba mu tambalee naan rekk,  
la ni caa, daggiti pataas ak mboq ma tasaaroo.

- Gan, wax nu sa xarit bi, ñaata yar la yayoo ñu door ko ko ?
- ñetti-téemeer rekk doy na.

Ginnaaw ba ñu tegee daan Siñeel ba noppi, ci lañu leen génnee dëkk ba.

- Siñeel a jëkk a génn dëkk ba. Mu daje ak ay tëgg, ne leen:
- Sama àpparanti mu ngi ci ginnaaw di ñëw, bopp baa ngi am ñaari  
uppu. May naa leen ko.



Lëg di dox ba egsee, tëgg yi woo ko:

Ee! àpparanti kaay fii!

Lu tax may ñëw ?

Sa kilifa moo ñu may ñaari uppu yi nekk ci sa bopp.

Waaye lii duñu ay uppu, samay nopp la!

Wax na ba sonn, terewul tëgg yi bif nopp ya yobbu leen.

Ngir feyyu, Lëg waaxu jiitu àndandoom ba. Mu daje ak ay xale yuy  
dem rëbbi, mu ne leen :

- Sama tëgg bi mu ngi ci ginnaaw di ñëw. Ame na ci diggu ginnaawam  
ay fitt. May naa leen ko.



Ba Siñeel egsee, xale yi woo ko :

- Ee! ee! kaay fii.

- Ngir lan ?

- Sa kilifa moo ñu may fitt yi nekk ci sa diggu ginnaaw.

- Waaye lii duñu ay fit, samay jumtukaay lañu !

Yuuxu na ba sonn, terewul xale yi bipp fitt yépp ba noppi jël leen.

- Waaye taxul Siñeel ba tëdd. Dafa daldi romb àndandoom bu soxor ba.

Siñeel daje ak ay rëbbkat ca àll bi. Mu liyaar leen.

- Yéen rëbbkat yi, Lëg a ngi ci ginnaaw di ñëw.



Siñeel ne rëbbkat yi, su Lëg nee tëll rekk, ngeen xàmmee ko.

Seen xarit yi ñoo dagg noppam yi, mu jaare fa rëcc leen.


Rëbbkat ya làqu ci biir genn gajj. Ca saa sa, am genn Lëg guy romb,  
ñoom ñépp xoolandoo ko.

Ñi ngi wax moom la am déet, waaye li leen jaaxal mooy nopp ya kenn  
dàggu leen.

Ci lañu ko bàyyi mu romb. Siñeel sax jaaxle woon na, ndax dafa  
ragaloon ñu jaawale Lëg ga doon romb ak àndandoom ba. Rëbbkat ya  
ñoom yàkkamtiwuñu. Ñu ngi toog rekk di yeeru Lëg. Yenn saa yi,  
aw mala romb. Ñu ne bëret toogaat, ne du moom.



Ci diir bu gàtt, Lëg ne tèll. Mu ngi dox mel ni kuy jëm ci ñoom. Sonn na lool. Lekkul, naanul boole ci wéet. Bi Siñeel séenee Lëg, lii la wax : «waaw kay, moom la, tey nag dinaa la won ni, maa la ëpp pexe.» Bi Lëg egsee ñu dal ci kawam, lottal ko. Ci la siñeel toog di xalaat : «Mu ngi ne tekk-tekkaaral di xalaat fi mu jaar ak lëg. Mu ngay wax ci xelam, kii sama àq rekk a ko dal. Ca njëlbeen, ba ma xiifee ca la ma xañ lekk. Fàttiliku naa ni boroom dëkk mayoon na nu ceeb waaye moom rekk a ko lekkoon.



Siñeel rax ci dolli ne : « Keroog wax naa ba sonn teewul, lekk na lépp.

Yemul foofu, boole na ma ak ay xale yuy rëbb ba ñu simpi samay dég.

Man itam am na ay tëgg yu ma ko booleloon ñu wàññi ay noppam.

Kontaanoon naa ci liñu ma feyyuloon. Waaye ndax lii lépp jar na ko ?

Jàpp naa ne moo ma tooñoon moo tax ma feyyu woon.»

Ca la xalaataatee, ne : « ndax ku la tooñ jar na ngay feyyantoo ak moom ? »

Ci noonu la ay xaj séen Siñeel. Ginnaaw bi mu amatul ay dég yu ko aar, ca la ñu dal ci kawam, sonal ko.

Moo tax, ku xamagul fooy mujj, waroo reetaan ki am laago.

## Laaj yi

- 1 Yan jeyya moo am, kan ñoo ko def ?
- 2 Lu tax lëg wax Siñeel ne ceeb bi Gan gee ko moom ?
- 3 Kañ la Siñeel ak lëg tàmbali tukki bi ?
- 4 Ban jàngat lañu mën a jàpp ci léeb wi ?

## Kumba amul ndey



# Kumba amul ndey



Kumba jirim la bu dëkkoon ak wujju yaayam di ñaareelu pàppaam.

Kumba daawul mucc benn yoon ca liggeey bu bari ba ca kér ga. Daawul mucc itam ca saaga ya, ak ca dóor ya. Te loolu yépp, wujju yaayam wa moo ko ko teg. Doomu baayam Kumba am ndey, daawul def dara lu dul tuwaaletu ak fo.

Saa su Binta rëcce, day dem ca sëg ya, sëgg ca bàmmeelu yaayam di jooy. Pàppaam, góor gu ñakkoon fayda ak kilifteef la.

Sañul woon a dugg ci diggante Soxnaam ak Kumba su ko jabaram doon dóor. Jabaram ja da ko doon gëdd saa su jéemoon a dugg seen diggante.

Ba mu xëyee liggeey ba ngoon, ci la sonn lool, ba fàtte raxas as koog.

Ba ko wujju yaayam wu soxor wa yëgee ca la mer ba futt dóor ko, delloo ko koog sa. Ca la ko wax ne :

- demal ca géedu Ndaayaan, raxasi koog si.



- Jirim ba jéem ko laaj. Fan la nd...?


- Jabaaru baayam ne ko : jógeel fii! ca la ko bëmax mu génn kér ga.

Ca la Kumba jóg di dem Ndaayaan ca guddi ga. Ba mu doxee ay fani fan, ca la taxaw ca suufu genn siddeem guy witt boppam. Xale bu jigeen ba sukk nuyu garab ga ci yar ak teggin.

- Boroom déem ga laaj ko : Sama doom, foo jëm yaw rekk nii ci xaaжу  
guddi gii.

Mu tontu ko : sama wujju yaay wu soxor moo ma yónni Ndaayaan ma  
raxasi koog sii.

- Siddeem ga ñaanal ko ne: foo jublu, yàlla na fa yiwu yàlla jublu !



Kumba doxaat lu yàgg a yàgg. Mu tase ak ñaari nàkk yuy dàqante ak benn cinu ceeb buy togg boppam. Saa su tasee ak ñoom, dafay sukk nuyu leen. Ñi mu nuyu sargal ko, may ko benn nàkk ak benn dànq ceeb bu neex.

Kumba dox ñetti fan, yem ci jenn jigeen ju màggat. Mi ngi toog ca wetu néegu ñax bu nekk ca digg béreb bu yaatu. Mu nuyu ko ci yar ak teggin.

- Jigeen ju màggat ja laaj ko: Sama doom, foo jëm nii yaw rekk ?
- Mu tontu, ne ko: sama wujju yaay wu soxor moo ma yónni Ndaayaan ma raxasi koog sii.
- Màggat ga tontu ko ne : Fii, mooy géeju Ndaayaan.



Màggat ga ne ko : man maay yaayi mala yi nekk ci àll bi yépp. Mu yokk ci ne : Te fii, mooy seen kér. Mu ne ko tegal koog si, ba noppi, dëbbloo ko benn peppu dugub ngir waajal reer ba. Bi mu tàmbalee dëbb rekk, ca la gënn ga fees dell ak sunguf. Benn ñëbu sunguf rekk lañu defaree legetu cere. Bi ñu reeree ba noppi, Màggat ga fanaanloo Kumba ci suufu lal ba.

Mu joxaale ko benn puso bu sew a sew ak ay tegtal.

Bu sama doom yi tëddee, maanaam mala yi, yenn saa yi nga jam leen benn benn, ndànk nag. Bu ko defee dinañu foog ne ay fel a fi nekk, ñu gën a teel a jóg.

Ci lu yàggul dara, rabi àll yi ñibbisi. Bukki mi jëkk a egxi, tàmbalee xeeñtu.

Mu wax ne : Hã ? yàppu nit mu ngi may xeeñ fi.



- Màggat ga jaaxle ne ko: yàppu nit ? Bukki, fii man rekk maa fiy nit !

Léegi nag boo ma bëggee lekk...!

-Bukki ne : Dëedeet bëgguma laa lekk de. Yaay, dama la doon tooñ rekk.

Yaayu mala yi ne : Baax na. Léegi sama doom yi, demleen tëddi.

Kumba mi ci suufu lal bi, di jam mala yi benn-benn ni ko ko màggat gi  
digalee woon. Balaa njël di jot, mala yépp wàcc lal bi. Ñu ngi jàmbat  
ne ay fel ak ay màtt ñoo leen tere nelaw.

Balaa bët di set, Binta defaral màggat gi ndékki, doog a dem raxasi  
koogam yi.



Bi Kumba di waññeeku, yaayu mala yi jox ko juróomi nen. Nen bu nekk, mu wax ko béreb ba mu ko war a toje. Mu ne ko : Balaa ngay toj benn nen dangaa war a way "wëy wéetoo ; wëy wéet ".

Ca biir nen ya, ay nit, ay jigeen, ay gawar ñoo ca génn. Yàlla rekk a mën. Yeneen xeetu mbindeef ak alal génn ca nen yooyu itam. Alal joo xam ni foo ko natt weesu na ko ak ay gétt ñoo ca génn. Mu nekk lu doy waar. Ku ñu ko waxoon ci njëlbeen doo ko gëm. Mbooloo moomu mépp ànd ak jirim ba gunge ko ba ca biir dëkkam. Ba Kumba egsee dafa dem ca wujju yaayam wu soxor wa delloo ko koog sa mu raxas. Mu jaaxal ko lool.



Bi wujju yaayam wu soxor wa gisee jirim ba, Kumba mu ngi ànd ak mbooloo mu takku.

Nu jàppale ko, yenul ko alal ji dul jeex ja. Ci saa si, wujju yaayam wi woo doomam Penda :

- Gëdd ko, jigeen ju feñaag ji nga doon. Xoolal ku tekkiwul dara kii li mu indi!

Mu daadi ko tållal benn koog ne ko :

- Tilimalal ma leegi-leegi koog sii te nga dem yaw tamit raxasi ko ca géeju Ndaayaan.

Penda dox ñetti fan romb àll bi ak ay déeg. Noonu, la ko doomu baayam ja, jirim ba defee woon.

Benn ngoon mu egsi ci kanamu genn garabu siddeem guy witt boppam.

Nuyoowul sax, mu yuuxu di tàccu, ne:

- Laay-laay ! bi ma juddoo ba léegi, guleet ma gis garab guy witt boppam.



Lii de su ma ko nettalee sunu waa kér, dinañu wax ne waxuma dëgg !

Siddeem gi ñaanal ko, ne : Foo jublu yàlla bu fa yiwu yàlla jublu.

Mu dox ñetti fan. Mu tase ak ñaari nàkk yuy dàqante ak benn cinu  
ceeb buy togg boppam. Bi mu leen gisee, Kumba am ndey di gën a  
jaaxle.

Ca la wax ne bu eggee, dina nettali waa dëkk ba lépp li mu gis. Kumba  
dox ñaari fan. Mufaf egsi ci kér yaayu mala yi.

Ee yaw!jigeen ju màggat ji, ndax mën nga maa wax fu géeju Ndaayaan  
nekk ?

- Fii la, sama doom ! Maay yaayi mala yépp yi nekk ci àll bi.



- Maam, dama ñëw ngir raxas koog si ma sama yaay jox.  
- Màggat ga toggloo ko cere reer. Mu yàgg lool laata muy noppi.  
Bi ñu reeree ba noppi, yaayu mala yi jox ko puso bu sew a sew.  
Bi mu noppee, mu ni ko, demal tèdd ci ron lal bi.  
- Màggat ga ne ko, deel jam ndànk rekk mala yi. Benn-benn nag, ta  
nga tàmbalee ci bukki! Bukki tàmbalee nelaw bay xàndoar. Ci la ko  
xale bu jigeen ba jamee puso ba ci ginnaawam ba mu laal yax ba.  
Foofu la Bukki tèbee ci lal bi tag deret, jaare fa génn néeg ba. Ca diir  
bu gàtt, yeneen mala yi ñu jam, topp ca ginnaawam génn.  
Ca fajar ga, ca la Kumba am ndey dem raxasi koog sa.



Kumba am ndey dellu ca kér ga, yaayu mala yi jox ko juróomi nen. Mu jox ko ay tegtal ni mu ko joxee woon Binta jirim ba.

Kumba wëlbatiku di ñibi tegu ca yoon wu sori wa. Ba muy dugg ca àll ba ca la taxaw di woy :

"wëy wéetoo, wëy wéet"!

Waaye fi mu waroon a tojee nen bu jëkk ba, mu xalaat ne :

- Lu tax màggat gi bëgg ma jëkk a toj nen bii ta bañ a jékkee ci bii ?  
- Mu woyaat toj juróomeelu nen bi. Mala yi soxor yépp génn, wër ko, lekk ko. Amul lenn luñu bàyyi ca yaramam lu dul benn cér rekk mooy xol ba. Tan sax bëggul xol.

Picc ma doon romb ne coppet xol ba, naaw lu soree sori di way naan :  
xale ba demoon géeju Ndaayaan,  
xol baa ngii.. i.. i..

## Laaj yi

- 1 Lu tax Kumba am ndey demoon géeju Ndaayaan ?
- 2 Bi mu yónnee Kumba ca géeju Ndaayaan  
lu mu ca jublu woon ?
- 3 Bi mu yónnee Kumba amul ndey ca géeju Ndaayaan  
lu mu ca jublu woon ?
- 4 Ban jängat lañu mën a jëlee ci léeb wi ?

# Tànk-ndànk

WOLOF


CE1

Jéego

6

Téere

2



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain  
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal  
  
Ministère de l'Education Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

# Tànk-ndànk 6

## Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :  
<https://creativecommons.org/>

# **Li téere bi ëmb**

Wurusu Maxuja .....	4
Tukki Golo ak Saaw .....	16
Ndakaaru .....	28
Waame wi .....	42

# Wurusu Maxuja



Maxuja ab baykat la bu Dëkk Caameen. Bëgg am alal te du sonn,  
ku tàyyal la te bañ tàng. Nawet bi jege na te ruujagul toolam ya.  
Ab bés, mu dem ba ca diggu àll ba di waxtu.

- Ëy man ! fan laay amee wurus wu bari te duma sonn.

Ca saa si mu dégg **a**m riir mu ànd ak ngelaw lu rëy. Mu geestu gis  
jinne ju rëy te raglu. Jinne ji, aw melokaanu nit la feeñee, yor ay béjjen  
ak ay gët yu rëy te di tàkk. Maxuja tiit lool te jaaxle.



Maxuja di lox di seet fu muy rawalee boppam.

Nees tuut,jinne ji di wax ak moom ne ko:

- Maxuja, dëgg naa ngay waxtu ba nga taxawee ba léegi. Wax ma loobëgg.

nees tuut , jinne Ji ak moom :

- Man wurus wu bari lool laa bëgg te duma liggéey.

Jinne ji wax ko:

- Dinaa la ci jox lu dég loo bëgg feeñ ci sa njaboot. Sa doom ju juddu dina am donju wurus wu réy wu sax ci yaramam. Moomu màndarga, kenn du ko mën a dindi. Xalaatal bu baax ci li ma la wax.



Jinne ji waxaat Maxuja ne ko :

- Di nga bari wurus de, waaye do am bænneex ci àddina.

Maxuja waatal ko ne moom wurus rekk la bëgg te lu mu ci góobee gar ko.

Ci noonu, jinneji ne mes daldi réer. Maxuja waaxu ñibbi këram.

Ci yoonwi, muy wax ci xelam : «ku am wurus kay naqar dëddu na la ».

Ba mu yeggee ca këram, mu fekk ca néegam aw waxande wu fees dell ak wurus. Maxuja bég lool, gaawtu denc wurus wi fu wóor. Mu toog ci kaw lalam, di xalaat dundam gu neex gu mu wara am.



Maxuja tabax kër gu rafet gu ñépp di waxtaane ca Caameen. Daldi jënd ay fasi naari góor ak géttu nag. Jëndal na ay jabaram ay yéere yu rafet. Koo ci séén baat baa ngay ray-rayi ndax wurusu ngalam wi mu takk. Ayubés bu ne mu ray nag, woote xawaare ci këram. Ku diis soxla ci dëkk ba, mu gàntu la. Fàtte na coonu bi mu nekkee woon. Su nekkee ca pénc ma, di won moroomu góor yi ne moo leen ëpp alal. Bu nekkee ci mbooloo, ku wax mu jànni la.



Ba ñu toogee wenn weer, Aawo ba am ay seex. Benn seex bi am wenn donju wurus ci bëtug ndey-joor ba. Beneen seex bi am wenn donju wurus ci ñaari gëtam yépp. Ci gàttal, kenn ki daa patt, keneen ki silmaxa.

Ba ñu ci tegee benn ayu bës, sét ba am doom. Xale bi judduwaale wenn donju wurus ci noppu bu nekk. Mu daldi tëx ndax nopp yu fatt. Maxuja am lu ko naqari lool. Xolam jeex tàkk te mënul faj doomam yi.



Yeneen, doomam yi judduwaat yépp dañoo indiwaale donju wurus ci seeni yaram. Seen baay Maxuja def na ci alal ju bari ngir fajleen,. Maamën bu ñu ko tektal rekk, seeti na la. Mu jox la alal, waaye benn fajkat mënul a saafaraa ajoom.


Kenn ci doom yi dafa am mändarga mu réy ci digg ginnaaw gi di ko tere tödd njaaxaanaay. Beneen doom ja xeeru wurus waa nga sax ca xolu tànk ba, tere ko dox. Tofo xale boobu, xeeru wurus waa nga ni fàñj ca conclu. Ba tax mënul a leem loxo càmmoñ bi. Caat bu góor ba xeer wa nga ca jë ba bëgg a muur bëtam.



Benn bés, Maxuja toog ci digg éttru këram, jabar yi wér ko. Ñaareel bi aye di togg ataaaya ji. Barada bi muy toggee warga wi, wurus lañu ko liggéeyee. Ginnaaw ba ñu naanee lëwël bi, xaritam Badu ci la yegsi. Waxtaan wa gën a xumb. Nees tuuti, xaleem ya foyiwoon yegsi. Mu ne jàkk xoolleen ak seeni mändarga, yaramam wa daw. Maxuja sëgg rongooñ ya rot ca dënn ba. Xel masori, muy xalaat la ko jinne ja waxoon, mu tàmbali reccu.



Maxuja daw dellu ca àll ba. Toog ci ab jànj di jooy bafaf di yuuxu. Di boole yuuxu yi ak ay waxtumel ni dof. Foo tollu di dégg baatam mu naan : « Wooy ! Lor naa sama doom yi ngir alal. Toraxal naa sama njaboot gi. Ku may aw ëllëg suma mënatur. Ñoom ñépp a laago. Sumamënoon a joxe sama alal ji yépp ngir sama doom yi wér dinaa ko def. Fajkat bu ne ci tund wii dem naa fa.



Mu toog ba mu yàgg, mu dégg am riir muy génnee ci biirjànj bi mu toog. Wenn rab wu rëy taxaw ci kanamam. Rab wa ne ko Maxuja, man la jinne ji, yërëm naala. Lii yépp waxoon naala ko, nga jiital sa bëgg-bëgg. Dellul sa kér, dinaa la dimbali. Say doom yépp dinaa leen teggil seen nattu bi nekk ci ñoom. Ñi silmaxa, dinaa leeral seeni gët. Ñi mënul a dox, dinaa leen delloo seeni cér. Waaye nag, Maxuja, dinaa jëlaat sa wurus wi yépp.



Maxuja dellu këram, fekk doomam yépp wér. Waaye amatul wenn  
peppu wurus. Xale yépp, dellu ci seen sago. Ñu bari doole ak kattan.  
Ci noonu, Maxuja ne leen, nanu dellu ca tool ya liggéeyi. Taw bi bari,  
toolu Maxuja yépp naat. Ba nawet ba wàccee, Maxuja ak doomam yi  
góob dugub ju bari. Mu joxe ci asaka, dundal ci njabootam ba mu des.  
Booba ba leegi la Maxuja xam ne alalu doomu aadama mooy wer-  
gi-yaram.

## Laaj yi

- 1 Maxuja lu mu gis ci àll ba ?
- 2 Luy wone ne Maxuja leegi boroom alal la ?
- 3 Lan moo waral xale yu Maxuja yépp laago ?
- 4 Ndax yaakaar nga ni alal ju bari kese mooy joxe bànnex ci àddina ?

## Tukki Golo ak Saaw



# Tukki Golo ak Saaw



Benn bés, Golo ak Saaw dañoo war a tukki ñoom ñaar. Ñu yewwu fajar ba ginaar yi sabee, ndékki seen cere ba suur. Kenn ku nekk jël say cummikaay tegu si yoon wi. Ñu dajee ca selebe-yoon wi daldi nuyoonte. Ci lañu jàmmasante. Ku nekk wax sa moroom turam.

Ci la Golo, ci jikko caay-caayam gi, wax ko ni Gan gi la tudd. Saaw moom, dafa wax Golo turam dëgg. Ci noonu la ñaari xarit yu bees yi ànd jëm dëkk bu ñu naan Daj-dëpp.

Ñoom ñaar ñépp bég, ku nekk jàpp ni am na àndadoo bu ko wéttali ci yoon wi.



Ñaari xarit yi ànd di dox di dem Daj-dëpp. Ci yoon wi, ñu lal waxtaan wu neex. Kenn ku ci nekk di nettali sa moroom dundam. Si yoon wi, romb nañu ay dëkk yu bari. Ba ñu rombee dëkk bu njëkk ba, ñu gis déeg bu réy ay xale di ca sóobu. Ba ñu rombee dëkk boobu, ñu jot ab gott bu mag. Xeetu garab yu bari ñu ngi foofu: dimb, guy, soto, ngéejaan, ak ñoom seen. Ba ñu yegsee "Daj-dëpp", ñu gis nag yi màngiwoon di dellu ci gétt ga, sàmm bi jiital leen. Waxtu boobu la jànt bi di so. Xale ya fowi woon delluwaat ci biir dëkk ba, di dàqante ak mbote yi. Jigeen ña demoon ca taxani woon, dellusi ak seen sayi matt.



Ba ñu yegsee Daj-dëpp ak seen coono, boroom dëkk baa leen teeru.

Mu jox leen ay néeg. Ba ñu nopaloo ab diir, taawu boroom dëkk ba  
indil leen boolu ceeb bu ànd ak ndawal. Mu taaj ko ci digg néeg bi  
ne leen :

- Boroom dëkk bi moo leen yónnee teranga jii yeen gan ñi.

Saaw ne gees bëgg a sóob loxoom. Golo simpi loxa ba, ne ko:

- Ceeb bii moomuloo ko sama waa ji. Nee na gan gi moo ko moom. Xay  
na boroom dëkk bi da laa fàtte. Golo lekk lépp ba seeñu yax ya, bàyyi  
xaritam bi mu fande.



Saaw tëdd noonu ak biir bu deful dara. Ci diggu guddi gi, la ko xiif yee. Mu jóg sol yéerey Golo dem ca tool ya ca ginnaaw kér ya. Saaw lekk ñàmbi ja ak ñebbe ja ba kollam fees. Mu daldi yoot ndànk, ñëw tëddaat. Ba ñu xéyee ci suba, waa dëkk bi seetlu ne ruur nañu seen tool yi. Ñu mer, gàddu ay yet, wutali gan ñi, di yuuxu naan :

- Gan ñu bon ñii, ñoo yàq sunuy tool.

Golo tëb ci ay nelewam ak tiitaangeem. Mu tàpp xaritam Saaw, mu ne bëret yewwu. Ñoom ñépp fëx, génn néeg ba.



Golo laaj xaritam lu xew. Saaw ne ko : "waa dëkk bi ñoo mer, neenañu gan gi moo yàq seen tool yi biig. Demal wax ak ñoom ndax yaw yaa tudd Gan gi.

Ba Golo génnee néeg bi, ñu gis yéreem yi taq. Waa dëkk bi yépp mènkoo ni seen sàcc mooy Golo. Ñu laaj xaritam Saaw luñu war a def Golo. Saaw tontu leen ne fëgg leen ko ay yet.

Waaye Golo ni leen: joxleen nu nu naan luñu wacculoo, bu boobaa, dingeen xam dëgg gi. Saaw ne, loolu lépp jaru ko, Golo saay-saay bi moo ruur tool yi.

Boroom dëkk bi ne leen, nanu def li Golo wax ndax dëgg gi feeñ.



Boroom dëkk bi yonni caat ma, mu indil ko ndoxu senjenj. Golo moo jëkk a guux, wàccu, ay peppi ceeb rot. Saaw naan ca ndox ma, génne ay ñàmbi ak ñebbe. Waa dëkk ba yuuxoo, ni sàcc baa ngii. Ñu wëlbatiku laaj Golo, luñu war a def Saaw. Golo ne leen, dóorleen ko téemeeri yar. Waa dëkk bi dóor Saaw ba yaram wi yépp di nàcc. Ba ñu paree, ñu génne leen ñoom ñaar ñépp dëkk ba. Ca lañu gàddoo seen cummmikaay, yemale fa ngan ga.



Saaw moo njëkk génn dëkk bi ànd ak meram. Muy xalaat naka lay def ba fayu gàcce ak mettit wi ko Golo tekk. Yàggul dara rekk, mu daje ak benn jibar.

Saaw ni ko :

- Am naa genn Golo guy nëw ci ginnaaw, wàññil ko geenam gi, sonal na ko.

Ba Golo yegsee, jibar bi, bocci paakaam, dal ci kawam.

Golo tiit, ni ko :

- lu xew ?

- Benn waay ju ji fi romb leegi, moo ma ni ma wàññil la sa geen bi, da laa sonal.

- waxul dëgg, sama noon la.

Golo weddi na ba sonn, waaye terewul jibar bi dog geenam ga.

Ci la Golo teguwaat ci yoon wi ak geenam gu **këtt**.



Ngir mën a fayu, Golo gaawtu jiituwaat xaritam. Mu dajee ak ay xale  
yuy dem di rëbbi ca àll ba. Mu ne leen :

- Sama benn tëgg mu ngi ñëw sama ginnaaw, mu ngi boot ay fitt, may  
naa leen ko.

Ba Saaw yegsee, xale yi woo ko.

- Ee ! Kaay fii.

-Lu xew?


Xale yi ne ko sa njaatigi bi fi romb leegi moo ñu may fitt yi nga yor.  
Saaw weddi ba sonn ne lii du fitt. Xamal na leen ni lii ci yaramam la  
bokk, waaye xale yi bañ koo déglu.

Xale yi sëggal ko, dóor ko ba mu tälli, ñu rocci dég yu gudd yi nekk ci  
yaram wi yépp. Saaw ni duñj ak yaramu neenam.



Ba Saaw fexee ba rëcc ci xale yi, si la dawee ba rombaat Golo. Mu tase ak ay rëbbkat. Mu ne leen :

-Rëbbkat yi, am na genn Golo guy ñëw sama ginnaaw. Mën ngeen ko xàmmee ci lu yomb. Geen ga daa këtt. Fexeleen ba bu mu leen rëcc. Rëbbkat yi daldi làqatu si gajj gi. Nees tuut, Golo egzi. Rëbbkat yi song ko, dóor ko yet mu daanu. Nu fekk ko fa, rey ko. Rëbbkat yi fees ko, jël yàpp wa dugal ko ci seen gafaka.



Bi rëbbkat yi di song Golo, Saaw moo ngi làqatuwoon ci gàjj gi di seetaan. Bi ñu ko reyee la génn ak mbégteem. Saaw tàmbali di fecc, jàpp ni feyu na. Ndekete yoo am na, ay bukki, yu nekkoon ca wet ga di ko rëbb moom itam. Bukki yi dal ci kawam, song ko, màtt. Saaw amatul woon genn dég ci yaramam gu mu aaree boppam. Bukki ya sotoo ko, dàggate yaram wi yépp mu dee. Ñu lekk ko, ba seeñu yàx ya. Ca cëppandaw ga, ñaari àndandoo yépp mujj a dee.

Li dal Saaw ak Golo moo tax wolof njaay di wax ne ; "yéene néeg la, boroom a cay fanaan".

## Laaj yi

- 1 Ñan ñoo ànd jëm Daj-dëpp ?
- 2 Lu waral Golo lekk bàyyi àndandoom bi ?
- 3 Lu waral Saaw sol yérey Golo bamuy dem ca tool ba ?
- 4 Noo gisee xaritoo Golo ak Saaw ?

## Ndakaaru



# Ndakaaru



Ñaari at a ngi nii Duudu ak Nogay di bindante ak seeni xarit Eduwaar ak Misel.

Benn bés, bi ñu duggée ci **bér** gu mag gi, Aali faktéer bi indil leen ab bataaxal. Xale yi dem fekki seen yaay , jàng bataaxal bi ci kanamam.

**Solos** bataaxal bi neex na lool . Ñoom Misel dañu leen di **përye** ci ñëw seen kër Ndakaaru diirub bér bi yépp. Gune yi musu ñoo teg seen tànk ca **péyu réew mi**. Lolo tax ñu bég lool.

Ba leen seen yaay déglöö ba noppi mu ne leen na ñu ci waxtaan ak seen pàppa.

Ba Baay Ablaay jòggee jàkka ja xale yi dem yegge ko xibaar bi. Mu rafetlu ko, ne leen ñu may ko mu waxtaan ci ak seen yaay.

Xale yi amatuñu jàmm. Lu seen wayjur yi di dogal ? Bu dee déet, nan la ko seen xarit yi di gisee ? Nu ñu nara muñee ñàkka dem Ndakaaru ?



Tey tangoor wu mettee am ci tund wi. Yenn ci picc yi sax da ñuy miir di daanu. Moo ngi mel ne jànt bi dafa gën a jege. Waa dëkk bépp a ngi **jàmbat** tangoor wi.

Ci ngoonug tey, la wayjuri xale yi di leen wax lu ñu dogal ci tukkib Ndakaaru bi.

Ba Yaay Faatu ak Baay Ablaay wàccée ba añ ba pare . Boroom kér gi ne **soxnaam** : "Faatu, bu nu **dàlloo** tuuti nu waxtaan ci bataaxalu xale yi. Soxna si tontu ko ne : "Waay nijaay !

yaakaar na ne foog nu wax ak xale yi ndax ñu xam lu ñuy tontu seen naatangoo ya".

Yaay Faatu moom dafa **ñeewantal** xale yi lool. Dafa xawa ragal Ndakaaru ndax li ñuy faral di dég ci xibaar yi. Liy xalaatam mooy ñu xaar ba ca kanam sooga dem dëkk bu mag ba.

Baay Ablaay dalal xelam ne ko xam na wayjuri ñoom Misel te wòolu na leen. Leer na ko ne dina ñu sàmm xale yi ba li mu ragal du ci am.



Ba boroom kér gi diisoo ak soxnaam ba noppi, ñu déggo ci ab dogal. Xale yi dina ñu dem waaye du ñu fa def **diiru** bér gi yépp. Ba tàkkusaan jotee ba mu julli ba Noppi, Baay Ablaay woo xale ya ca néegam. Duudu moom daanaka mënatur taxaw ndax ragal ñu tere leen. Nogay a ngay xool baay ba **bëti yërëmtalu** ndax mu bàyyileen. Baay Ablaay xamal leen ne leen moom ak seen yaay nàngu na ñu bàyyileen ñu gane ji ñoom Eduwaar. Ba dogal ba daanoo rekk xale ya tëb lëggënte, jox loxo seen baay, sànt ko. Ca noonu ñu daw wuti seen yaay ne **këlëb** ci kawam di woy : "Ndakaaru, yaay bóoy, Ndakaaru!" Seen yaay ne leen na ñu door seen wàccaay. War na ñoo tàggoo ak mbokk yi te wut ay **yóbbal**. Seen tanta Nafi mën na leen a xelal ci li ñu war a jënd yépp. Luuma Sàkkal bi gànnaaw ëllég la.



Ca ëllëg sa, xale yi bind seen tontu, dem ca post Sàkkal ba ngir yoonnee bataaxal ba.

Màkkaanu post ba bërëb bu yaatu la te rafet. Tabax bu bees la, ñu pentur ku pentur ko bu weex. Ca kanam, ab àlluwa ju mag a nga fa ñu bind ca turu **makkaan** bi. Ba xale yi duggee ca biir ñu gis ay góor aki jigéen ñu rañ ci kanamu **kontwaar** yi. Ñii seen bataaxal la ñuy yòbbante si, ña ca des di jël màndaa wala ñuy yòbbante ay bagaas. Xale laajte ba ñu won leen fi ñu war a dem. Ba ñu rañee ba yegg, ñu jënd timbar, taf ko ca àmbalog ba. Ba ñu noppee, ñu dem ca kees ga ñuy dugal leetar yi **sérëxal** ko ca. Yaakaar na ñu ne seen xarit ya di na ñu ca jot fii ak ñaari fan.

Bi xale yi dellusee Yaman Sekk, ba ñuy wàcc ca oto ba ñu séen seen xarit yi. Saada ak Binta laaj leen fu ñu Jóge. Ñu wax leen xibaar bi tàggu leen.



Tay ci dibéer ji, yaay Faatu dafa **yabal** xale yi ñu dem tággoji. Wax na leen ñu dem ca seen bàjjan Aram, seen tanta Nafi ak seen najaay Saakura.

Këru ku nekk ci ñi leen seen yaay **tegtal** dem na ñu fa yégal ko tukki bi. Fépp fu ñu dem, ñaanal na ñu leen, jox leen yòbbal. Seen nijaay Saakura ñaari **séq** la leen may. Seen bàjjan ak seen tanta may leen xaalis. Seen tanta Nafi waxtaan na ak ñoom ci Ndakaaru, **soññi** leen te **aartu** leen. Digal na leen ñu am yar ag teggin ca kér ga ñu jëm. Jox na leen dig daje àllarba ngir ñu ànd ca luuma Sàkkal ba. Foofa dina ñu mën a am ay yëre, ay saag aki dàll yu baax. Dina ñu mën a it mottali seeni yòbbal.

Nafi, seen ràkku yaay, nit ku baax la te xam àdduna.



Àllarba la luuma Sàkkal di am. Fajar la tanta Nafi jëlsi xale yi ngir kaar ba fay dem bañ leen rëcc.

Ba ñuy egzi Sàkkal fekk na ñu luuma ba tambalee bari nit. Jëndkat yaa ngi dem aka dikk. Jaaykat yaa ngi woy aka taasu ngir **wootal** jëndkat yi. Luuma bi xumb na lool, coow li neena kur. Fu nekk la nit ñi di joge ci gox yi wër Sàkkal. Xeetu njaay yu nekk am na fi: ay **meññeef**, ay jur, ay piis aki yëre, ay jumtukaay, añs.

Naka la Nafi ak jarbaatam yi egzi, ñu seen as ndaw suy jaay ay yëre.

Ndaw saa ngay tàccu, di way, di kañ **mucc ayibu** njaayam ma.

Nafi nuyoo ak moom ba noppi joxoñ ko ay yërey gòor ak yu jigéen yu mu wékk. Ba ka ko ndaw si joxee, ñu tambalee waxaale. Ba ñu jubòo, daanaka xale yi am na ñu lépp la ñu doon wut ci ay yëre.



Nogay ñaari robb la am. Benn robb bi dafa bulo am ay rëdd- rëdd yu weex. Beneen ba dafa xònq am ay **tupp-tupp** yu weex. Duudu moom ñaari simis ak ñaari pantaloo akub pilowerer la ko tantaam jëndal. Simis yaak pantaloo ya ànd nañu te yem kepp ci Duudu. **Pilowerer** baa ko xawa ëpp tuuti.

Dàll yi ak saagu xale yi, Nafee ngj leen jëndee ci Sandàgga. Ab xale bu góor la bu gátt, njaxlaf te saf xorom. Mook Nafi xamante nañu bu yàgg. Ñoo jàngandoo ekool, waaye ngoor si am njaay rekk la mus a bëgg. Ginnaaw ba ñu **saafontee**, fàttılıku lu bari, Nafi tannal xale yi ay dàll aki saag yu mucc ayib. **Waxaale** ba yàggul ndax kolare gi nekk ci diggànte ñaari naatàngoo yi.



Ba ñu ñibbisee Yaman, Nafi won Yaay Faatu la ñu jënd. Ba mu ko waxee la ñu ko jëndee, mu yéemooti ci ràkkam ji ni mu mënee waxaale.

Léegi daanaka lépp **yemb** na. Desatul ludul Nogay léttu te Duudu water. Nabu, benn xaritu Nafi moo war a létt Nogay. Duudu moom ca Sidaat watkatba lay dem. Yaay jaa ngi koy **àrtu** naan ko bul water seen wateef yu doy waarr yooyu ; na lépp maase.

Fóotoon nañu seen yëre yi ba paase ko. Yaay Faatu defaral na leen **mbuuraake** ak ay beñe dugub.

Ganaar ak naat yi óu yóbbaalee la Baay Ablaay tëj ca kaaf ga di leen **xónt**.

Nafi jëndal na leen tiket ci oreeru Sàkkal-Dakaar bi. Kaar bi juròom ñaari waxtu ci suba lay egsi Sàkkal.



Tey ci **gaaawu** gi la xale yi di dem Dakaar. Seen tànta Nafi mo leen di Yóobbu. Oreeb bi juròom ñetti waxtu lay bàyyikoo Sàkkal. Suba teel la xale yi jog def seeni wàccay. Ba kaar bay egzi fekk na leen taxaw ag seen tànta ca gaaraas ba.

Soo leen gisee daanaka doo leen xàmmee. Nogay robbam bu xònq ba ñu ko jëndal ca luuma ba la sol. Ma nga léttu létt yu rafet yu ñu nas ay per yuy **lerax-leraxi**. Dàllam yu ñuul yi rafet nañu te ànd ak la mu sol.

Duudu moom yëre ya mu tabaskeewoon la sol.

Xaftaan la ak tubayu mbaseñ bu **baxa**. Baatu xafaan ba da ñu koo **daamina** ko ak wëñ wu doore. Maraakiis ya ko Baay Ablaay jëndaloон ca Naar Mbow la sol.



Ba apparàntiya yabee bagaasi xale yi ba noppo, Baay Ablaay ñaanal  
leen ñu tànggo ak seen yaay. Naka ñu dugg ak seen tàngta ba toog rekk,  
kaar ba jël deppar wutalali Dakaar.

Yaay Faatu taxaw na fa ab diir di xool ba kaar ba jàll wiiraas ba.

Fi mu nekk moom, xale yi gisuñu ludul Dakaar. Seen tàngtaa ngi leen  
di **gaaral** turi dëkk yi ñuy romb ak yenn bërëb yu siiw yi. Duudoo ngi  
xool garab yiy **toflantoo** mel ne ñuy dàqante. Lu oto biy gën a daw  
ñuy gën a sori Yaman, seen xol tåmbalee tooy. Nogay sax jot naa  
tuuri rànggooñ waaye fexe na ba kenn gisu ko. Duudoo ngi won tåntaaam  
ag **gàddu golo** guy **jiiróo** ay doomi xaal. Ba oto bi dawaatee tuuti,  
Nogay tåmbalee nelaw, tåntaaam tëral ko ci kawam. Duudu moom, lu ñu  
romb lu mu xamul mu laaj ko tånta ji. Jàngeegum na lu bari ci tukki bi.



Ba ñuy egzi Jamñaaajo la Nogay yeewu, mel ne kuy gént. Taax yu bees yi, poŋ yi ak oto yu bari yi **ëlëm** na ñu ko. Mu ne gees xool tantaam kooka muuñ, tàmbalikoo **gindi**.

Lu ñuy gën a jege kapitaal bi, xale yi gën a yéemu. **Bir** na leen ne dina ñu am lu ñu nettali bu ñu delloo Yaman.

Ba ñuy duggisi gaaraasu Bó Marese, Duudu séen Edwaar ak pàppaam ñu taxaw ci bunt bi.

Waxoon na ñu Baay Ablaay ne di na nu leen jëlsi. Laata ñuy egzi woo na ñu seen tanta lu mat juròomi yoon.

Ba ñu wàccee ca kaar ba, Eduwaar ak pàppaam fekkisi leen, ñu saafonte, wutali buntu gaaraas ba.

Ba ñu génnee, ñu dugal bagaas yi daaldi yéeg ci otoob pàppaay Edwaar **dëgmal** Mermoos.

Ci yoon wi ñu jaar, xale yi gën na ñoo yéemooti ci Dakaar.



Ba oto ba dawee tuuti, ñu egsi Mermoos, kér ñoom Edwaar.

Xale yi yéemu nañu ci rafetaayu kér gi. Am **taax** mu weex la mu yaa te am jëmm.

Ca bunt ba jëmbat na ñu fa ay garabi koko yu ndaw ak ay fuloor yu bari. Ba ñuy dugg ca kér ga Misel ak yaayam **gatàndu** leen dalalleen jàmm. Medoor xaj ba tàmbalee baw, Edwaar wax ak moom mu noppi, **dëju** di xool gan yi.

Ab sekoo nga ca kaafam di **sab** mel ne kuy dalal gan yi. Ba ñu duggee sa saal ba xale yi gënati yéemu ci taaru kér gi. Ay fotëey aki taabal yu rafet a ngi ñu teg ci biir. Miir yi da ñu leen a taarale ay nataal yu rafet. Ca sa ndeyjoor, ab tele bu rëy a nga fa dend ak lu mel ni déglukaayu misik.

Ba xale yi dàlloo ba noppi, ñu dalal leen ku ci nekk ci sa néeg.

## Laaj yi

- 1 Fu Duudu ak Nogay war a dem ak lu tax ñu fay dem ?
- 2 Ndax Baay Ablay rekk a jël dogal bi ? Luy firndeel sa tontu ?
- 3 Lu tax Yaay Faatu boole xale yi ak seen tàn ta Nafi ?
- 4 Noo gisee li Yaay Faatu digal xale yi, ne leen ñu tàggü ji seen mbokk yi ? Leeralal sa tontu.

## Waame wi



# Waame wi



Tay ekool bi dafa bër. Xale yaa ngi ci pénc mi di futbal aka dóor dàqe.

Nees tuut, asamaan si lëndëm, ñuul kukk, ngelaw lu rëy Jóg di **falfali** muur dëkk bi ak puseer. Picc yépp **fëx** wuti seeni tågg. Ngelaw laa ngi baaje garab yi di fàq seeni bànqaas, di tasare seeniy xob. Tàngoor wi yokk na, gën a tar. Malay kér yépp a ngay yuuxu, di daw wuti fu ñu seeloo. Jigéen ñi bàyyeekoo ca luumab Nduloo ngiy doog a Wàcc ca poosoo mbaar ba leen yóbbu woon. Ku nekk ci ñoom a ngay baral ay jéegoom ngir mën a mucc ci ndoxum taw mi. Ngelaw li gëlëmal na juri göttu Yoro gi ; moo ngay daw fu ne ngir dajalewaat leen. Dënu yaa ngi yëngu mel ne gaynde guy **ñar**, ànd ak mellax yu tar te raglu. Daanaka nit desatul ci mbedd yi, ñépp a ngi fatu ci kér yi.



Ba ngelaw la mel lee ni nuy wàññiku, tòqi ndox yu njëkk yi tàmbalee putti-putti. Nees tuut,taw bi **sóob**, gën a **tar**. Yàggul dara mbend yi fees ak ndox muy wal-wali. Sàmba ak **gàngooram** fexe na ñu ba rëccee seeni kér. Ñoo ngay pacax-pacaxi ci taataa ya. Ñoo ngi mel ne ay golo yu ndaw, di sëpp jalañ ak di bërëju ci ban bi. Am na ñu ci mënulati sax xàmmee seeni moroom. Am na ñu ci am ay kanam yu raglu ne Birima. Satu ,**cobaraanu** Njòobeen gi, neena kenn du ko ko yóbbul. Ma nga mel ne benn ñebbe cib cin. Kamisol ak sër bu mbòq ba mu soloon a nga tàq ripp ak ban.



Ba bàjjan Wuli yëgee ni Sàmba nékkul ci néegu xale yi, mu jël parasoolam waaxu wuti **pénc** ma.

Na ka mu séen xale ya rekk yuuxu leen : "lii tere naa leen ko ay yooni yoon. Taa-taayi ndox yi lu nee ci nekk. Mën ngeen ci jëlee ay feebar yu nekk."

**Dakkal** leen seen po mi te jaar nii ñibbi ! Satu yaw, bu nu yeggee kër ga di nga xam !

Baa mu déggee li yaayam wax, Satu **bënn bët** ya, yanu loxo ya, tàmbalee jooy. Lii lépp sob a ko ko yóbbee. Bés ni ki tey **dogu** na ne dootul teggi waxu wayjuram.



Ba mu sòobee lu mat waxtu ak genn wàll, taw bi tàmbalee waññeeku, di wiswisal. Picc yeek ganaar yi di **pëtpëti** ngir dindi ndox mi nekk ci seeni dunq. Ñoo ngay sab di wootante. Ngelaw su ndaw te sedd a ngi ëpp. **Péex** mi tàmbali na.

Ñépp a ngi yëg ni tàngoor wu **tar** wa toxu na.

**Li ciy ñuul** rekk mooy ne ngelaw li ak ndox mi yàq na ñu lu bari ci dëkk bi. Genn wàllu marse bi yépp a fees ak ndox. Ca wàll woowu la jaaykantu jën yi daan toogee. Seen njiit Soxna Ndiir neena dañuy toxal palaas bi ba sappëer pompiyée yi màñq ndox mi ba pare.

Waa dëkk bi yépp nee nañu dina ñu leen jàppale ci toxu bi.



Sàppéer yi suba **cuy** la ñu egsi ci dëkk bi. Ñaari kamiyoñ sitern la ñu indi ngir mànq ndox mi.

Raññee na ñu ci ñoom ñaari jigéen. Kenn ka dafa ñuul am taxawaay te xawa am yaram. Keeneen ki dafa xeereer, sew te bët ya xawa rëy. Dafa mel ne mooy kilifa gi ndax buy wax yeneen sàppéer yépp a naan ko "wëy seef"!

Bi ñu **tëmbëlee** raakool yi ca biir ndox ma, ñu taal pomp ya tàmbalee mànq ndox ma. Foo toll di dégg riiru pomp ya. Nees tuut rekk nu gis ndox miy wàññiku. Boroom dëkk bi xool Soxna Ndiir mu muuñ ne ko "jërëjëf"!

Ba ndox mépp jeexee, Njiitu sappéer yi jox boroom dëkk bi aw keyit, tallal ko ab bindukaay. Booroom dëkk bi **siife** kayit gi, gérëm leen, ñu taal seeni wata **dëgmal** àll ba.

Sàppéer pompiyee ñu jara sargal la ñu.



Yàq-yàqi taw bi yemul ci märse bi rekk. Sàkketi këru Baay Moor Xulle yépp a daanu.

Baay Moor **way-laago** la. Ci aksidaŋ bu mu defoon la ñakkeewoon benn tànkam. Ku nangu **dogal** la te jàmbaare. Laagoom tere wu koo dem tool ak toppatoo waa këram ak ay **juram**.

Moom dong ak soxnaam ñoo dëkk. Jenn doomam ju jigeen jaa ngay jàng iniweersite, jeneen ju góor ja dafa solu soldaar daaw.

Xaley dëkk bi yépp a **taxaw témm** ci jàppale ko.

Njël la ñu jóg te laatay yoor-yoor sampaat nañu xer yépp takkaat sàkket yi. Soxnas Baay Moor mi bokkoon ci liggéey bi jox leen ndékki laax bu neex ak kinkelibaa. Baay Mor gérëm leen, ñaanal leen ñu dellu seeeni kér.



Keneen ki taw bi indil fitna mooy Yoro mi sëllam wa des ca àll ba ba léegi.

Sëll wa ñuy woowee Jarga amagul juróom-ñetti weer. Moo gën a rafet ci nag yu ndaw yépp. Dafa suur, rafet, der ba weex tåll def ay tupp-tupp yu ñuul. Rakki, doomu Yoro bu ndaw bi, Jarga rekk la bëgg.

Nànguwul sax a añ. Neena fokk xaritam bi ñëw. Yoro mënul woon seeti Jarga ndax taw bu metti. Ba taw bi sewettee, la wutti àll ba ànd ak Siley rakkam. Bu nag wi fanaanee àll rekk, bukki yi reere ko.

Lu ñuy sori ca àll ba rekk, xelu siley di gën a ñaaw. Ag golo gu ndaw a ngay njoowaanu ca ab bànqaasu garabu new. Ba ko sàmm bi ak rakkam rombee, saay-saay bi sànni leen xooxu new ba mu doon lekk. Siley wàññiku wuti ko rekk golo ga ne ñaay ne fes.

Yoro ne Siley ñu baral seeni tànk ndax léegi jànt bi so.



Léegi Yoro ak rakk ja egzi nañu ca wetu **déeg** bu mag ba. Kenn mënu faa dégg ndax yuuxu mbott ya. Ag **till** a nga ca geneen wet ga di naan. Naka la ñoom Yoro yegesi fa muy naane rekk, mu daw wuti biir àll ba. Siley ne Yoro ñu dem seet Jarga ca fa **barax** ba nekk. Dafa xalaat ne Jarga mën naa tëdd ca biir te kenn du ko gis. Nees tuut portaabalu Yoro sab, mu wuyu jot soxnaam Raamata. Ndaw si ne ko jaratul ñuy wër : Jarga feeñ na, ma nga ca kér Saaliwu Seen mu yeew. Saaliwu nee na sëll wi dafa duggoon ca **tóokooram**. Ca noonu, ñoom Yoro waññiku wuti kér Saaliwu. Ba ñu egsee, ñoo nga fekk Jarga yeewe ca màngo ga ca diggu kér ga. Naka mu gis boroomam, mu tàmbaalee **fippu** mel ni ku bëgg a dagg buum ga ñu ko yeewe.



Ba leen Saaliwu dalalee, ñu **jàmmasante** ak moom ab diir. Kér Saaliwu gi yaatu na te bari ay garab. Am na ñaari tabax yu jaakaarloo. Garabu màngo gu rëy a nekk ca diggu kér ga. Laata ñuy tàmbali, Saaliwu woo Diboor soxnaam ndax mu fekke waxtaan wi. Ci wax ju teey te rafet, Saaliwu xamal leen la nag wi yàq ca tóokooram ba. Dafa bëtt **ñag** ba, lekk màngo yu ndaw ya mu fa jëmbatoon, **nappaaje** ya ca des. Mu teg ca ne leen mala xamul dara, boroomam a ko war a **wattu** ba du lor jàmbur. Ba mu noppee, Diboor jël kàddu wax ca wax ju rafet. Yoro jël kàddu rafetlu lool ni leen Saaliwu ak jabaram dalalee ak ni ñu waxee. Ginnaaw loolu, mu baalu Saaliwu, xamal ko ne xam na ne moo ko tooñ. Waaye mën na koo waatal ne xamul nu Jarga def ba des gannaaw bi ñuy ñibbisi.

Ba ñu baalantee àq, ñaan, Saaliwu delloo Jarga Yoro mu dàq ko wuti kér ga.



Xew-xew yi ànd ak Waame wi wone nañu lu bari ci dëkku Kér Fari.

Dëkk bi seereer yi ñoo ko **sanc**. Am na lu tolloog téemeeri at. Fari Seen moo ko sanc laata koy Fari Sow di fekkisi ak njabootam. Ñu dëkk dëkkin wu rafet. Ñaari kér yooyu ñoo **meññ juróom-ñaar-fukki** kér yi nekk ci dëkk bi tey.

Jàppalante ak benno bi nekk ci dëkk bi, feeñ na ci anam yu bari. Ba jaaykatu jën yay toxu, wéetu ñu ca. Ba Baay Moor di sàmpaat sàkketam ya, **waxambaandey** dëkk ba jàppale nañu ko ba mu bég lool. Li am ci diggante Yoro ak Saaliwu ci jàmm rekk la mujj.

Nekkin wu rafet, jàmmoo ju sax, déggoo ak jàppalante bi am ci kér Fari mooy **kiiraayu** dëkk bi.

## Laaj yi

- 1 Lu xew ca Kër fari ?
- 2 Ñan la xew-xew bi gën a sonnal ?
- 3 Lu tax sàppëer yi bi ñu noppee ñu jubal àll ba ?
- 4 Loo jànggee ci jukki yi ci li jëm ci ni ay nit war a dëkkee ?

# Tànk-ndànk

WOLOF


CE1

Jéego

6

Téere

3



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain  
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).




**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal  
  
Ministère de l'Education Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

# Tànk-ndànk 6

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :  
<https://creativecommons.org/>

# **Li téere bi ëmb**

Bukki ak Lëg .....	4
Tukki Lëg ak Saaw .....	15
Ndakaaru .....	26
Waame wi .....	37

# Bukki ak Lëg



Lëg mala wu **yeewu** la te bari pexe. Waaye léeg-léeg, xelam nax ko.

Benn bis dafa dem ca toolu ñebbe Baay Móodu di sàcc. Ba ñu ko  
jàppée, dañu yeew tànk ya, takk ko ca benn **bànqas**, bopp ba féete  
suuf. Ca la tàbbi ca **ndëgg-sërëx** goo xam ne xamul nu mu ciy génne.  
Ca noona, Bukki egzi fekk ko ci woowa melokaan.

Ah! sama waay ji, tey sa caay-caay gi réer na la. Tey, loo ma mës  
a def ci lu metti di naa ko feyu. Lëg tiit lool tàmbali lal ay pexe.



Ci **melokaan** wii la ko fekk: dafa banku ba mel ni siñeel, lem nopp ya ca kaw yaramam, boole ci di lox. ndeysaan, mu mel ni du Lëg mi ñu xamee woon yewu ak **naw boppam**. Yëramtaloo woon na lool. Ca noonu, mu daldi **sàkku** ci Bukki mu **wallu** ko, ci ay kàddu yu daw yaram.

- Aah! Bukki sama wóllëre wu baax wi, wu bari yërmande mi, xam naa ne doo ma topp ci samay tooñ.

- Noon naa jéggal laa dégg ! waajal, àllaaxira nga jëm.

- Sama waay ji, yërëm ma, kon tee nga maa bañ a teg li ma gën a ragal.

-Loo gën a ragal? poson, safara, walla lab?

- Rikk waay, bulma tàbbal ci ñax mu sëq; loolu moo rayoon sama maam.



-Aah! kon loolu ngeen di bañ? Waaw góor ba nga ma ko xamale.

- Sama wóllëre, jéggal ma, xam naa ne ku baax nga.

- Jàppal ne li nga ragal lool ba noppi xamal ma ko, ci la lay mbugal nak.

Lëg jooy ba sonn, sukk sàkku ndimbal ba sonn, terewul Bukki daldi koy boot yóbbu ko fa ñax ma gën a baree.

Naka la Bukki egzi rekk, ci la ko wax: Fii moom dinaa **wax**, wàccal gaaw.

-Bii bérëb, **raglu na** lool, fan la sa yérmande nekk? Bulma def lii, bulma sànni ci bérëb bu lëndëm bii. Gis ko rekk jural na ma yaram wuy metti.

Bukki ne ko fàww ma jémale la fi ngay bañ a jublu.




Ca noonu, Bukki yóotu noppu lëg yu gudd ya, daldi koy **xalab** fi ñax ma gën a lëndëmee. Ngir **fësal** mbégteem, Bukki toftal ci ay ree, yaakaar ne **moo rey gaynde gi**.

Ba lëg nee cëpp, la xam ne raw na; ci la ne gees, Bukki ne ko jar a jëf, daldi ree. Naka noonu, mu firi nopp ya, yëngal geen ga, tàmbalee ree a ka feeñ ci biir ñax ma. Bukki xam ne lëg naxati na ko. Mu màtt baaraamam **wiccax**, tàmbalee xalaat nu muy def ba jotaat ci lëg. Ca la dellu ca boroom tool ba, Baay Móodu ngir xamal ko ne saay-saay ba rëccati na.

Baay Móodu ne ko : Waaw léegi, lu ciy pexe?

Bukki ne ko : Xanaa, wëri ko rekk.



Baay Móodu yéemu ne Bukki: Kañ ngay yew ci Lëg ? Naka la def ba  
rëcc?

Bukki ne ko : Ci xelam mu ñaw mi, ci la jar ba rëcc.

Baay Móodu tontu, ne : Loo bëgg a wax foofu? Nu mu deme ca  
dëgg-dëgg?

Bukki ne ko : Moom daal, yërëmtalu na ba ma bàyyi ko. Ci la ma gëmloo  
ne moom dafa ragal àll bu bari ñax te lëndëm. Man itam, ngir **feyu**,  
ma sànni ko fi mu wax ne fa la ragal. Ndekete yoo, ay ñax doñj la, nii  
daal la rëcce. Yemu ca, ndax da caa boole itam dima ñaawal door a  
dem.

Baay Móodu àddu ne : **Kawtéef!** Moo Bukki, loolu nu mu la mën a  
dale? Yaw daal, ba léegi doo yeewu ci caay-caayu lëg googu. Li mu  
wax ne moom la bëgg moom la lay gëmloo ne moom la ragal.



Béy wéy na mbuus, leegi nanu def ay pexe ba jàppaat ko. Naam du yomb, waaye sunu **sottante xalaat**, yaakaar naa ne dinanu ko teg loxo.

Ci la Baay Móodu woowe njabootam góor ak jigeen ñu ànd ak Bukki dem wëri Lëg. Bukki moo jiitu ngir yóbb leen fa mu ko sànni woon. Ba ñu egsee **ca béreb** ba, séenu ñu sax luy niroo ak Lëg. Terewul ñu **tasaroo** ci àll bi, ku nekk am fu mu jublu. ñu yendoo wér ba ngoon jot, gisuñu dara. Ca ëllëg sa, Yaay Faatu, soxnas Baay Móodu, daje ak Golo laaj ko. Mu xamal ko ne Lëg soriwu fi ndax nuyu naa ko fii, léegi rek.



Ci noonu, la Yaay Faatu woowe ñeneen ñi, ngir ñu **jublu** fi leen Golo joxoñ. Bi ñu doxee tuuti, ci la ñu dégg luy yëngu, ñu foog ne moom la ndekete **Cokkeer** la. Ci kanam tuuti, Bukki daldi yuuxu: Lëg!Lëg! foo nekk?

Móodu ne ko : naka ngay wëre saay-saay bu mel ni Lëg di ko woo?  
Lii moo tax du jóg ci di la nax.

- Wallaay du loolu sax, **bëgg** ñu jàpp ko doiñ a ko waral.

Ca saa sa, Lëg mi leen soriwul, ne nemm fa mu làqu, di leen gis.  
Ci noonu, lañu wëndeelu ci àll bi ba sonn gisuñu dara. Boole nañu sonn, xiif, mar ak naqar. Ana lu gën a metti lii?



Baay Móodu mere Bukki, di ko **tëkku** ngir càgganteem. Mu ne ko, may naa la ñaari fan, boo ko jàppul indi ko fii dinaa la teg daan yi ma ko waroon a teg.

Bukki **jaaxle** lool, nekk ci fitna ju rëy ndax melokaan ba mu fekkoon lëg ca garab ga. Ci la daw jëm ca **dex** ga, fas yéene fa yendu ndax Lëg fekk ko fa. Yaakaar na ni, fu Lëg mën a nekk, dina naan si balaa jant a so. Fa la yendu, boole jaaxle, xiif, coono ak **gàcce**. Ba muy laata ñibbi, la séen lëg mu taxawee ne, jàkkaarloo ak moom. Bi mu dawee wuti ko, Lëg ne waat mes ci biir gott bi. Bukki yenu loxo ya, voor bopp ba ndax jaaxle.



Ci la jooy, xel ma dem ca la koy xaar te lépp di jëfi ngudd nopp bi. Ba àpp ba jottee, ca la Bukki dellu ca Baay Móodu ngir **jébbal** ko boppam. Bi mu egsee lii la wax: Baay Móodu, ca dëgg-dëgg, indiwuma Lëg; Léegi lula neex def ma.

Baay Móodu wéet ak njambootam laaj leen kenn ku nekk lumu xalaat ci mbir mi. Ñii ne nanu ko génne dëkk bi, ñii ne nanu ko alamaan. Kenn ci ñoom ne, nanu ko baal ndax bàyyiwul Lëg **ci cobareem** te itam lekul ñebbe ji. Ndegam ñi ëpp nee nañu ko génne dëkk bi, Baay Móodu ne nanu ko génne dëkk bi. Ci noonu, mu woolu Bukki. Ci la ñu séen Bukki, muy **kayaŋ-kayaŋi** di ñëw.



Bi Bukki egsee, **yérëmtalu**, ki ne woon ñu baal ko tuur na sax ay rongooñ.

Laata Baay Móodu di wax daan yi, ci la Lëg egzi. Kenn indiwu ko moo ñëw ci coobareem. Ginnaaw bi mu **waxtaanee ak ngegenaayam**, lii la wax Baay Moodu: moom mii di Bukki, deful dara lépp man la. Dafa fekk ni, ay xel dañuy **sutante**. Moo tax, fu ma ko fekk defloo koo **njombe**.

Ci kaw seenug dëggu, Baay Móodu baal leen ñoom ñaar ñépp. Lëg ak Bukki àndaat di wéy. Ñaar ñii, duñu ànd te duñu tåggoo.


## Laaj yi

- 1 Kan moo waxoon ñu baal Bukki?
- 2 Ndax Bukki mujj na jàpp Lëg indil ko Baay Móodu?
- 3 Ndax Baay Móodu mo tånn daan yu ñu war a teg Lëg?
- 4 Noo gise nekkiinu ñaar ñii di Buki ak Lëg?


# Rëbbkat, Lëg ak Jasig



# Rëbbkat, Lëg ak Jasig




Benn bés la woon, Jasig ak i doomam xiif lool. Toog nañu ay ayu bés lekkuñu dara. Mu jël dogal ne day génn dex gi ngir wuti lu mu lekk moom ak doomam yi. Ca jamano jooja, méngoo ak noor, dex ga wàcc ba ndox ma mujj leen a sori. Ñu ngay ñaanj ak a ñeb, di yëy seen bëñ yu ñaw ya ndax xiif bu tar. Ca xiif bu metti ba ñuy **jànkonteel**, aw mar dolleeku na ca ba seen ginnaw ya wow koñj. Ndeysaan, seen xar-kanam ya wone na aw tiis ak ag jaaxle. Njabootam gaa ngay jooy, te amul menn pexe. Loolu tax na mu fàtte boppam. Li ko **yitteel** mooy fu muy jaar ba am ab dund.



Ca noona la **ab rëbbkat** egzi ne ko: Waaw jasig, naka nga def ba sori  
sa **dëkkuwaay** bi nii?


Ca la ko tontu ne: dama doon doxantu ak sama xale yi. Ci noonu, la  
ndox mi daw ndax noor bi ñu nekk. Léegi nag, maa ngi jànkonte ak  
xiif bu tar man ak samay doom. **Li wér te wóor mooy** sonn nanu lool  
te lott naa ci wut pexe. Ca dëgg-dëgg, boo nu ci mënoon a dimbale  
nu jël. Ñoo bokk àll bi te xam naa ne ku **laabiir** nga. Ca jamanoy maam  
ak maamaati-maam, mësulo fekke lu ñaaw. Te itam, ci yax bu rëy nga  
bokk. Kon defal sa mënин ndax luy jot jot na gannaaw dee.



Ca la rëbbkat ba tege ay **ngànnaaayam**. Donte xam na ne Jasig ju goreedi la, taxaw na ngir dimbali ko. Jasig moom, ma ngay wéy di saraxu ak a sàkku ndimbal ci rëbbkat bi. Rëbbkat ba nangu na ko dimbali ci kaw su juram gi ak xaleem yi naansee mu may leen jàmm. Jasig waatal ko ci bakkanu njabootam ne dootul teg fitna juram gi ak xaleem yi. Dolli ci ne ko, bu ci am benn xel- ñaar.

Rëbbkat bi dellu ne ko, Jasig, sa ngoreedi **umpul kenn**, waaye fexeel ba sàmm say kàddu. Lii nga wax daal, na nekk looy jëfe ba ëllëg dooma gis di sëgg.

Jasig dellu yeesal ngiñam. Wax na ne **digganteem ak tëraayu bëammeelam**, li mu wax dina ko def. Rëbbkat bi doyloo li mu dégg.



Naka noonu, Rëbbkat bi daldi fàggu ay jumtuwaay. Ci la **fàggu xànci** guy, ràbb ci ag buum, fas-yéene delloo Jasig ak njabootam ga ca dex ga. Ba mu noppee, dafa tegle doomi Jasig ya ca kawam, takk leen ba ñu def wenn **say**. Ca la leen yenoo jëm ak ñoom ca dex ga. Ndaw yen bu diis, njaboot gépp ci kaw boppu benn nit. Ca yoon wa, Rëbbkat baa ngay wayantu naan: ndax Yàlla sama njaboot mucc nañu ci Jasig. Dootuñu raggal dara suñuy sangu wala ñuy naan ca dex ga. Ci la doxe tànk yu dëgër jëm ca dex ga. Jasig jaa nga naan ca xel ma, xiif ak njàqare jeex nañu, tey la lépp di leer. Li Rëbbkat biy dem lépp, Jasig a ngi làmb doom ya ba xam ndax kenn waddul.




Naka la Rëbbkat bi egzi ci dex gi rek, ndox mi yem ko ci **jumbax**.

Waaye Jasig ñaan ko mu gën a dugg. Ba ndox mi eggee ci **mbàggam**, mu daldi ko ne fii baax na. Ca la ko Rëbbkat ba wàccee moom ak njabootam. Naka la leen yewwi rek, ñu tàmbali koo **wër-ndombo** ak a caw i geen. Woraange bëgg a dugg, Jasig a ngi tàmbale jàmbu, wax ludul dëgg. Ca la ko Rëbbkat ba laaj lu xew ak lu mu nar. Jasig jege Rëbbkat bi déey ko : « deglu ma bu baax ; sama waa ji, rëy nga, duuf nga. Xam nga lima bëgg a wax. Sunu xiif bu metti bii, mënunu la bàyyi nga dem noonu. »




Jasig tambalee bombalante ay **ŋaam**, ak a siiñ bëñam yu ñaw ya. Lu mu nar mooy, lekk Rëbbkat bi moom ak doomam gannaaw bi mu leen génnee ci **guuta**. Ci la Rëbbkat bi xam ne, Jasig taxaw na ci wor ko. Man ak yéen ci suba ba léegi, nammuleen ci man ludul fajee ma seen xiif, yéen ay workat ngeen. Lenn de xam naa ko, kuy wër ku go-reedi ba daje ak jasig, jàppal. Waaye nag, **ëllëg du añ, du reer waaye lu mat a sédd la**. Noonu, kersa daldi jàpp Jasig. Ca la xamal Rëbbkat ba ne, duñu ko lekk ludul dañoo am ku leen àtte. Ñii, ndax àtte leen dana yomb? Xanaa ñu xaar ba xam nu **wànnent di mujje ak i bëtam**.



Bi ñuy daaneel rek, Fas daldi egzi ak **ràggaaay** ba ndax xiif. Kon mooy àttekat bu jëkk bi. Jasig ne ko, balaa ngay naan, àtteel li nga fi fekk.

Bi mu ko nettalee ni mbir mi deme, Fas ne ko ànd naa ci li ngeen bëgg a def. Moom mii de, ku ñakk **yërmande** la ci jur gi, rawati na ci nun, gis nga nii ma mel. Ngir dëgëral fi mu jàpp, Jasig ne nañu xaar beneen àttekat. Xelu Rëbbkat bi xaw a dal.

Naka lañu daaneel, Mbaam daldi egzi ak jeexaayam, yaram wa am ay **gaañ-gaañ**. Bi ñu ko xamalee mbir mi, la ne Jasig: lu ngeen di xaar ci lekk kii? Ku bon a ngi nii, ku amul benn toppato ci jur gi, xanaa di sëf lu diis ak a dóor.



Bi Mbaam di daaneel rek, la **Njombor Seen** di egzi ak noppam yu gudd ak geenam gu gatt. Noonu, Jasig daldi ko yegge coow li ngir mu joxe atteem. Ci la laaje Jasig nu Rëbbkat bi def ba indi ko fii moom, doomam yi ak **seen diisaay**. Jasig ne ko, dafa maa **bootal** sama doom yi, takk nu ba mu dëgér, mu yenu nu.

Ca dëgg-dëgg, noonu la xuusee ak nun ba fii. Lëg ne ko, yaak sa njaboot gépp la buubandoo, loolu nu mu mën a nekke? Sallaaw de, daj na dëgg laata mu ñuy indi fii. Bala maa mën a atte, fàww ngeen jaar fa ngeen jaaroon. Ca noonu la Rëbbkat ba takkaat ñoom Jasig, yenu leen, deloo leen fa mu leen jëlewoon. Mu mel ni Rëbbkat baa ngi tambalee mucc ci pexem Jasig. nu topp mbir mi ba xam fu muy mujj.



Naka la leen delloo foofu, Lëg ne ko, ku baax, loo wax ci **ndawal** lu bari lii? Rëbbkat bi ne Lëg, sa wax jii de xanaa mooy pexe jeex na. Ginnaaw li ma ko defal lépp, **yéeneem** mooy mu lekk ma, waaye yéene néeg la boroom a cay fanaan. Noonu, Rëbbkat bi yeenuwaat Jasig ak doom ya, ànd ak Lëg, jëm seen dëkk. Naka lañu egsi ca pénc ma, am ku ne Rëbbkat bi, musiba tàbbi na ci sa njaboot. Rëbbkat bi ne ko, gaawe ma, lu xew sama kér?

Sa doom bu jigeen ji moo feebar. Feebar bu **yéeme** ndaxte nee nañu kawaru Lëg kepp moo ko mën a saafara. Aah, xana nu sant yàlla mi ma booleek Lëg mii. Rëbbkat bi daldi digle ñu yewwi xaj yi ngir ñu **tonjal** Lëg.



Naka la Lëg xam ne Rëbbkat bi ci ay tànkam la jëm, ci la defaraat **taxawaayam**. Mu ne waayam ja, nii daal nga ma nar a delloo njukkal.

Ndaxam dey, sudul woon man mii, tay nga fanaani nu. Ci noonu, laata xaj yi di ñëw, Lëg fàq na ne mes ci biir àll bi. Foofa la xamale mbokki rabam ya ne lu Jasig di bon bon, Rëbbkat bee ko **yées**.

Mu mel ni Rëbbkat bi fayul naar ba xoromam. Boobu ba léegi, ca la njombor dakkal ndimbalam ci nit. Yemu ca waaye artu na mbokkam yépp ñu teey ci seen diggante ak nit ñi. Foofu la doomu Rëbbkat bu jigeen ba jaare **ñàkk bakkanam**.

## Laaj yi

1- Kan moo jëkk a àtte diggante Rëbbkat ak Jasig?

2- Man pexe la Lëg lal ba musal Rëbbkat bi ci Jasig?

3- Ñaata àttekat la Jasig déglu?

4- Ban njàngat nga def ci xew-xew bii?

## Ñaari dëkk yu seexoo



# Ñaari dëkk yu seexoo



Góorgi Saar kilifa gu mag la, dëkkoon ci dëkku cosaan bu siiw, tudloon Mbëri, féete ci goxu bawol. Yàlla mayoon ko tur, ak suuf su yaatu, jur gu bari ak njaboot. Soxnaam si ñuy woowe Diboor nekoon ku yiwi, ku xam teraanga te farlu. Bi ñu séyee at yu néew, Yàlla may leen ay seex: Aadama ak Awa di góor ak jigeen. Seen waajur yar leen ci dëggu, jom ak ngor. Masuñoo féewaloo, ñépp xam leen ci fonk kilifa, ba ni Aadama nekkee waxambaane, Awa doon njagamaar. Benn bés, seen i waajur wax leen ne :"déggoleen, bennooleen, dee leen diisoo te bu leen rée-roo mukk".

Yàggul dara, Awa di waaj a séyi Ndéem, dëkk bu mag nekk ci sawwub Mbëri. Bésu muur bi, ay mbokkam di ko ñaax naa ko:"bul génn te taggoowoo te bul xuloo ak say goro". Ilimaanu dëkk bi, jóg tiim ko di ko ñaanal; Bàjjanam di taggaate, sarxolle yi xumb lool. Aadama wéet lool, fu mu toll di xalaat waaye léeg-léeg mu dem seeti ko ñu diisoo, nam-mantikoo.



At yu bari jàll na, Aadama jaboot lool ba noppi màggale seexam ya; Awa it njabootam màgg nañu. Seen ñaari njaboot yi di nemmeekoonte, di demalante ak a dimbalante. Ñaari dëkk yi, ñépp xam nañu jaxasoo gi am seen diggante ba ku ne di leen roy.

Bala seen waajur yi di làqu, ñu dajale njaboot gépp mag ak ndaw, góor ak jigeen.

Góorgi jël kàddu ne leen: "Saxleen ci bokkoo, fexeleen am bés bu ngeen di daje." Seen maam Dibóor fàttali leen njariñu mbokk teg ca dénk leen kàddu yii: "Bu leen yàq seen alal, bu leen xeebante." Weer ci kanam, Maam Góorgi faatu, dëkk bi fees dell ak ay gan, mbokk yépp teew ku ne di seede lu baax ci moom. Ñii di wax jikkoom, ñii ag njàmbaaram, ñii seen kóllare ak moom.

Bésu sarax si, njabootu Awa ak waa Ndéem yépp ànd ñëw Mbëri. Askanu Ndéem seetlu ne Aadama ak Awa ni ñu seexoo, la seen njaboot seexoo. Ñoom ñépp bokk wax ne: "Kon kay nanu seexale ñaari dëkk yi."



Kilifa yi nekkoon ci jotaay bi wax ne dëkk bu ne nañu amal am ndaje. Ca ëllég sa, boroom dëkk ba woo kureelu ndaw ñi, mbootaayu jigeen ñi ak daayira ya ca pénc ma. Bi mu jëlee kàddu, mu tàmbalee leeral seexoo bi ñu amal seen diggante ak waa Ndéem. Ndaw ñi feeñal seen mbégte, ànd taxaw temm ci loolu. Waaye Faatu ak Demba samp ab laaj jëme ko ci njariñu seexoo bi. Abdu, imaam bi ne ko seexoo mooy **lëkkaloo di amal ay yëngatu**. Astu mi jiite jigeen ñi yokk ca ne loolu day gën a dooleel jigeen ñi. Paate silmaxa bi ak Ayda miy soox ne seexoo gi mën naa jur booloo ak way laago yi.

Ca **cëppaandaw** ga, ñépp nangu, ku nekk ne **sóobu** na ci seexoo bi. Boroom dëkk bi ñaax askan wi wax ne: "Xeet yépp, diine yépp, tariixa yépp, mag ak ndaw, góor ak jigeen ñépp a bokk. Mu sant mbooloo mi, gérém leen, ku ne ñaan ci diineem. Ñu daldi tëj jotaay bi ou tëj ndaje mi.



Bi nga xamee ne jël nañu dogal bi, boroom dëkk bi xëy woo njiitu kuréel gu ne.

Ñu waaj, takk sareet yi, wuti Ndéem. Ci yoon wi, fu ñu romb, ñuy rafetlu xalaat bi. Bi ñu yeggee, fekk waa dëkk bi yépp, góor, jigeen, mag ak ndaw dajaloo di leen xaar.

Bi saafoonte bi jeexee, Yaay Awa boroom dëkk bi dalal gan ñi, fattali déggook ñaari dëkk yi.

Baay Musaa, boroom dëkku Mbëri daldi nuyoo, jottali cant ga waa dëkkam. Mu ne leen, sunu jéego yi, li ko waral mooy bëgg nu sumb seexoo gi nu doon waxtaane.

Yaay Awa, boroom dëkku Ndéem tontu leen ne ci waxtaan woowu ngeen nu fekk. Mu yokk ci ne: "Daayira yi, mbootaayu jigeen ñi ak ndaw ñi ak way laago yépp a nangu."

Digal na leen ne: "Nanu farlu, takku te taxaw, bañ a boddi kenn, bañ a xeeb kenn, bañ a ginnaawal kenn." Mbooloo ma jàpp gaawu bii di ñëw ngir jëmmal seexoo bi. Imaam def ñaan ñu yékkati iotaay ba.



Ñaari dëkk yi déggoo nañu ci bés bi ñuy amal xew-xew bi. Bés bu mag lay doon ndax dëkk yu mag te am cosaan ñoo ko séq. Ñépp a ngi koy waajal ndax diiru ñatti fan lay am. Dëkk bu ne joxe na koppar yu bari ngir ñu toppatoo lekk yi ak naan yi. Ndaw ñi war nañu fàggu ay siis, ay baas, ay sabar, ay rajo ak lépp lu aju ci bés bi. Ñaari boroom dëkk yi, yaay Awa ak Baay Demba përiye nañu yeneen boroom dëkk yi ak taskatu xibaar yi. Ndawu nguur gi ak boroom daraja yi ak meeru gox bi ñépp a war a teew. Jigeen ñi jënd nañu ay piis yu niroo ba ñawlu, def séen léttu aada ak seen takkaay yépp. Ndaw ñi ñoom itam wut séeni niroole, di **tàggatu** ci bëre, ci kuppe, ci fecc ak woy.

Ñaari dëkk yi tànn ay mag, ay ndaw, ay góor, ay jigeen ak ay way laago ngir ñu taxawu bés bi. Yëgle nañu ko ci luuma yi ak rajoy gox bi. Kilifa yi dénk nañu ñépp ne: "na ngéen ànd ak yar ak tegin tey muñalante, te yaatal gan ñi."



Gaawu tey bii ci la ñuy amal bés bu rëy bi ñu doon xaar. Suba teel, waa Mbëri ñi war a dalal xew-xew bu jëkk bi, baas nañu, rajale siis yi ci pénc ma. Kuréel giy taxawu bés bi, rey nañu nag yi, saaku ceeb yi ak ndugg mi, lépp a ngi tege. Sabar yaa ngi sàjj, rajo yi di teg ay woy, nit ñi tàmbalee génn.

Waa Ndéem ñi takk nañu sareet yi, jigeen ñi ak góor ñi ku ne sañse. Kumba sol na robbam jël ay beekeem, Sàmba sol xafaanam doom ji di ko wommat.

Yaay Awa ñaaxaat leen ci kàddu yii; "Na ngéen ànd ak yar ak dall, te yaatal xol yi."

Mu teg ci ne: "Bu kenn xuloo, bu kenn ñaayoo walla di sooke coow." Ñépp yéeg nañu ci sareet yi, Yaay Awa dugg ci daamaram ànd ak boroom këram ak Kumba ak Sàmba. Mu jiitu wuti Mbëri, sareet yépp ràŋ topp ci moom.

Sabar yaa ngi tëgg, yoon wi xumb lool, pënd bi jolli. Dëkk bu ñu romb, ñépp génn di leen **sargal**.



Bi fukki waxtu di jot, la waa Ndéem ñi ëgsi ci pénc mi. Oto Yaay Awa bi di mbiib ca kaw, ñi ci sareet yi di sarxolle. Géwel bi wax ci rajo bi ca kaw : "Waa Ndéem ñi ñëw nañu, na xumb." Sabar yi jolli, fecckat yi mel ni ñu **ràkkaaju**, ñépp di tàccu. Jamano joobu, kilifa yi jóg teeru leen, saafoonte ak ñoom daldi leen dalal.

Yaay Awa ak Baay Demba jàppoo ay yoxo di wër làng gi ngir **dëggal** seexoo gi. Géwel yi di leen tagg, mbooloo mépp di tàccu ak a fecc. Bi ñu noppee ba toog diir bu gátt, ndawal nguur gi, Kinne ëgsi. Takk-der yu góor yi ak yu jigeen yi dar ko.

Ñaari boroom dëkk yi ak meer bi gatandu ko; saafoonte ak moom. Naka ñu duggsi rekk, ñépp jóg taxaw; mu yékkati loxoom nuyu leen daldi toog. Géwel bi wax ci rajo bi: "Na ñépp toog te déglu nu tåmbali waxtaan wi."



Ñépp dellu seen palaas, lépp ne xeram. Géwel bi jël kàddu wax ne : "Maa ngi leen di ñaan ngéen déglu te teewlu, bu kenn ruube waxtaan wi." Mu leeral tërëlinu bésu tey bi. Ne leen ginnaaw bu Imaam ñaanee, Demba, Ayda, benn ndawu Ndéem, Awa, Meeru gox bi ak ndawal nguur gi ñooy jël kàddu. Digante kàddu yu ne, dina am ay xumbaay : sabar, woy ak wone cosaan.

Bi mu noppee, Imaan ne na ku ne ñaan ci diineem, daldi ñaanal mbooloo mi.

Baay Demba nuyoo, dalal gan ñi, wax mbégtéem ci seexoo bi ak njariñ li ci nekk. Bi muy jeexal, mu sànt waa Ndéem ak kilifa yépp.


Bi kàddoom daanoo rekk, sabar yi sàjj, séereer yi wone séen cosaan. Pël yi dugg si ak séeni riiti, soose yi fëll ak seeni koora, yuux yi jólli. Jekki-jekki rekk, Faatu, way laago bu Mbëri bi xaacu di woy ak baat bu neex bi. Ñépp jóg feelu ko.



Mbooleem ñi war a jël kàddu ñépp wax nañu njariñu seexoo bi. Ndawal askan wi wax mbégteem ci xew-xew bi, ñaax leen, ni dina leen jàppale. Ndawal nguur gi ndokkeel ñaari dëkk yi dolli ci ne : lii ñépp a ko war a roy.

Ci kanamu ndawal nguur gi, ñaari boroom dëkk yi fësal seexoo bi. Ñu joqlante ay teraanga. Waa Ndéem jox waa Mbëri ag leget gu rafet buy misaal jàmm ak xéewal. Waa Mbëri jox waa Ndéem sëru rabal buy wone jàmm ak yokkute. Mbooloo mi mépp di tàccu ak a sarxolle. Foofu la kureelu ndawi ñaari dëkk yi sóoboo ci biir géew bi def tiyaatar ngir jëmal seexoo bi.

Ñu tàmbaliwaat xumbeel yi: waykat, taaxuraankat yi, riitikat yi, fécckat yi di aylantoo géew bi. Bi ñetti waxtu ci ngoon di jot, ñu séddale añ yi ak la cay topp. Ñu añ ba suur ku nekk ñibbi te yakamti yeneen yëngatu.



Mbooloo mi dajewaat nañu ci dibeer ji ngir seetaan làmb ju mag. Taqantaan, mbëru Ndéem ak Simpi, mbëru Mbëri ñooy mujj a bëre. Ba laa ñéenti waxtu, areenu Mbëri bi fees dell ak ay seetaankat. Ñi far ak Taqantaan sol ay yéere yu am fotoom, ñi ànd ak Simpi naka noonu.

Ab diir, Simpi daldi fëll, ndënd yi sàjj, yuuxu yi jolli muy cëppi-cëppi, suq yi dar ko. Mi ngi tàkk ngembam ak jóoru ndómbo, sol sëru rabal, tällal senjooram, ñu koy sotti am soow. Mu wër géew bi di fecc, ñëw ci géwel bi, tuus, bakkku daldi dem ca cummikaayam.

Taqantaan jekki jekki ne tëll, sanni loxo yi, sabar yi jiin ko mu sàllarñiku , suq yu jigeen feelu ko. Mu tuus, bakkku tàmbalee def ay déeba -déebam. Bi mbër yu ndaw yu góor yi joñantee ba noppi, yu jigeen jël ñoom itam.

Bi timis di jubsi, ki yor àtte bi, daldi mbiib, Tmbër yi songoo, taqantaan riñaan ko, , simpi,caxabal, fët\_ci suuf. Foo tollu di dégg yuux yi di jolly.

## Laaj yi

- 1 Bi Awa séyee Ndéem, naka la Aadama def?
- 2 Nan la ñaari dëkk yi def ba amal seexoo bi?
- 3 Lan moo lëkkale ñaari dëkk yi ba tax séen seexoo yomb?
- 4 Ban jàngat ngeen am ci seexoo ñaari dëkk yi?

## **Yarub maam**



# Yarub maam



Baay Musaa Juuf kilifa gu mag la, dëkkoon Sàndeem ca Siin. Amoon na ñeenti soxna ak njaboot gu góor ak gu jigeen. Njole moo nekkoon ñaareelu soxnaam. Séy nañu fukki at ak juróom amuñu takkandeer. Jàmbaar la woon lool ndax fonk sëriñam ak farlu ci liggeeyu kér gi ak tool yi. Waa dëkk bi di ko waxtaane lu bari ndax mbiram jaaxal leen. Dafa doon wër di ñaanlu, Baay Musaa it daan na ko jox ay saafara.



Fekkoon na mu séy ak ñaari góor, waaye amu ci benn doom. Wujjam yi di ko jëw a ka léebu naan ko dangaa aay-gaaf. Bu ko defee mu dugg néegam jooy ba sumboo ay rongooñam. Sëriñ Musaa naan ko : «muñal, ku muñ muuñ.

Benn bés, Njole nelaw ba yàndoor, genn kàddu gu kawe di baamu aw turam. Naan ko: «dinga am doom ju góor, ju gudd fan te barkeel.» Mu tiit ne bëret gissul dara, nelawaatul ba bët set. Mu xëy nettaliko Baay Musaa, mu ne ko rafetal njort. Amul sax at, Njole wësin doom ju góor. Ba xibaar bi tasee ci dëkk bi, kër gi fees dell ak ay nit.

Màggati séereer yi, yu wolof yi ak yu pulaar yi joxe ay tegtal yuy tax mu dund. Am ku wax ne: « Nañu root juroom ñaari ndoxu teen yu bokkul, sang ko ci ñetti fan. » Baay Musaa tudde ko Cerno, benn xaritam. Diiru weer, coow li ne kurr ci dëkk bi. Mbokk yi di baagante di ko ndokkeelsi, ku nekk di ñaan.



Njole am mbegte mu rëy ànd ak yaakaar. Cerno nekk ku rafet, taay, ba noppì xees pecc. Bu jooyee mu daw, bu feebaree mu boot di naxantoo wuti kér doktoor. Maam Satu jóge réewu taax ne day yóbbu Cerno Ndakaaru làqi ko fa. Njole jooy bay sërxët ndax di xalaat càccum gune yi. Baay Musaa léemu Cerno bindal ko téere muslaay ngir wàññi njàqare yaay Njole.

Bi ñuy génn, yaay Njole mar jë bi, xotti aw sagar ci ab sëram. Maam Satu takk ko ci loxo ndeyjooram ndax bañ mu gelu ko. Timis, oto bi yegg Ndakaaru, ñu wàcc jël daamar ju ndaw mu yóbbu leen Pikin. Naka ñu gaare karce Baay Laay, gune yi wér leen, ñépp di xool Cerno. Maam Satu jox leen banaana bi mu leen fàggu loon ci yoon wi.



Baay Laay, karce bu mag la, am xeet yu wuute te bari ay daara. Suba teel, Astu jël ay beekeem ànd ak Abdu magam jàngi. Kàrce bi xumb na lool waaye waxtu jàng doo gis benn xale. Ñi am laago sax muy góor, muy jigeen, ñépp a xëy jàngi. Daaraay ñoom Astu, at mu nekk Sàmba mooy gàddu raaya wi, te sax du gis. Guney kér gi ñépp a xëy jàngi waaye Maam Satu nànguwul Cerno dem fenn. Bu ndékkee ne **menj ba** ngoon jot.

Bu ñibbisee day tilim, yéere yi xotteeku, karaw gi ni cuq te du sangu mukk. Bu añ bi tegee mbaa reer bi, Cerno di yóotu ak di teggi ndawal gi. Waa kér gi yépp di xoolante te kenn du wax ndax ragal Maam Satu. Ñépp daldi koy far **bërgal**.



Cerno def na at ci kér gi lu ko neex, neex maamam. Jàngaluñu ko yaruñu ko ba romb na ñeenti atam. Bés bu ne, muy **lëmbe** kér gi, di **noggutu** xale yi. Am kuy líebu wax ne: "Ku yar sa xar bu màggee, yaw lay njëkk a daan."

Maam Paate xëy lëpp ko, fanaanal ko néegam ba asamaan set, mu yóobu ko daaraay Baay Móodu. Jawriñ ji jox ko àlluwa, boole ko ak Soxna Aysa ngir mu dalal ko. Soxna Aysa ku mën alxuraan la, te rafet **xalima**.

Daara jaa ngi fees dell ak ay dongo yu góor ak yu jigeen ku nekk di nafar. Ñi am laago am na ku léen di **saytu** waaye jàmbaar lañu lool ci njàng mi. Ngoon gu ne, Baay Móodu dajale dongo yi, ñu setal daara ji, ñépp tari ba jeexal mu yewwi leen.



Cerno, ñaari fan la xëy, ñetteel ba mu ne tirr biir Pikin, ñaari fan fanaansiwul. Ñépp jaaxle, Maam Satu di **jalu** rekk ba yàgg mu ser ne dàll ci suuf. Dëkkandoo yi di ko **dëfal**, mu mujj reccu yar bu bon bi mu yar Cerno. Maam Paate am **mbetteel** lool ndax Cerno li muy léej-léej, masul fanaan àll. Waa kér gi wér ba sonn, mujj yéene ko ci rajo yi ak tele yi.

Suba teel, yaay Njole dégg laajte bi ci xibaar yi, **salliiru** ba nit ñi fees Kér gi. Ku laaj lu xew, Baay Musaa ne la Cerno moo réer ca Ndakaaru, ñépp di jooyoo. Mu ni leen: «neeleen tekk, ku ne tekk, tekk won la aw yoon.» Mu dugg néegam def **listixaar**. Ab diir, mu génn ne: « Santicleen, dina feeñ bu soobee Yàlla. » Wujji Njole yi di waxante ci bët, Baay Musaa moom ak yaay Njole waaj, wuti réewu taax.



Kaar bi ñu dugg gaaw na lool waaye lu mu daw rekk, ñu xeeb ndax kumpa gi jàpp leen. Bi ñu duggee ci kër gi rekk, jooyoo yi tàmbaleeti. Kenn tallul a nuyoonte waaye Baay Musaa mi ngi leen di waار. Maam Paate mënul siggi ndax gàcce, xamul lu tuy wax. Maam Satu di waxtu mel ni ku jëfur mujj di jiiñ tuuma Baay Musaa ci kanamu gan ñi. Ñu jekki rekk, génn góor duggsi ànd ak Cerno. Ñépp jógandoo, ku ne sag xarkanam di belli mbégte.

Yaay Njole moom laxasu Cerno di kat-katiy lox. Góor gi nettali anam yi mu ku fekk ba yóbbu ko këram. Mu wax ne: «xale yi léegi dañoo am ay yelleef te ñépp a war a sàmmoonte ak ñoom.» Baay Musaa sant góor gi, ne leen day yóbbu Cerno ndax wolof njaay nee: "Fagaru moo gën faju."



Timis, ñu gonte ndakaaru, bi ñuy yegg Sàndeem, suuf sedd na guyy.

Baay Musaa wax yaay Njole ne ko: «damaa bëgg nga bàyyima ak Cerno ma jàmmarloo ak moom.»

Yaay Njole ne ko : «man masu maa juuyoo ak sa ndigal.»

Baay Musaa ne ko : «Da maa bëgg mu jäng, deñ ci réer, tekki ni ñépp.»

Yaay Njole : «ahãkey, waaye fàww nga sangat ko ndax ñàkkul am cat.»

Bi Cerno ñëwee, Mu ne ko: «Cerno góor-góorlul, soo bëggee bayre, dangay fexe ba baay ree.»

Mu dolli ci ne: «Waaw Cerno, bi nga réeree, foo doon fanaan ak loo doon dunde? »

Cerno ne ko: «Ci ron taabal yi laa doon fanaan di yalwaan di dunde.»

Baay Seex dar gémmiñ gi, jàpp loxoom wuti daaraay Baay Seex. Ñoo ngi fekk dongo yi sàppe, ku ne uuf àlluwam di jäng. Baay Musaa ne ko, day sàkku mu mokkal lu mu néew-néew xaaju suuf balaa mat at.




Baay Seex, sëriñ bu xarañ la ci tåggat xale. Dafa beru ak Cerno, di ko neexal, ba miinal ko boppam. Mu laaju ko lu yàgg daldi ko jébbal jawriñu daara ji. Maalik dalal ko bind wu yees ne Ami na ko jàppale. Ndekete Cerno ku neex xel la, luñu ko xëy bindal bu yendoo mokkal ko. Jawriñam di ko bàyyi xel bu baax ci njalbeen gi. Cerno jékki-jékki daw ba am ñetti fan. Baay Seex xibaar ko Baay Musaa; mu tàng lool, xale yi wër ko ba gis ko.

Naka muy ñëw, mu futti mbubb mi, fëgg ko ay ndombo ba muy salleeru. Bi mu dellusee, ñu tëj ko suba ba ngoon, sang ko ak saafara, jox ko kiis mu naan. Cerno gën a farlu ci njàng mi, dawatul, boole ci gaaw a mokkal.



Matul at sax, Cerno jeexal xaaжу suuf bi, ba mujj nekk jawriñ ni Ami. Benn bés, Baay Seex natt dongo yépp ngir waajal ab jojante. Mu tann Cerno, Ami ak ñaari way laago: Daam ak Koddu. Yaay Sooda, seen ndeyi daara, xottil leen yeere yu rafet ngir sargal leen. Waxtu yoor-yoor, Kaanj yi sàppe ngir teewlu njàng mi. Bi Daam ak Koddu di tari, baas baa ngi riir ndax jéll yi ak jooy yi. Ami itam duggsi ak ay feemam, ñépp seen xol tooy.

Waaye, bi Cerno yeggee ba jóoru ak baat bu neex bi te leer, ñépp a ne xerem. Baay Musaa yikkat fi mu toog ndax bég. Bi ñépp taree ba noppo, seriñ si lëlu ab diir, ñu wax ne Cerno moo jël raaya wi. Koddu topp ci ak Faati, nekk ci jeneen daara, ñépp di leen jox ay neexal.



Baay Seex mottali na yéene Baay Musaa ci Cerno ba mu sant ko lool.

Mu **diisoo** ak moom ndax bëgg mu jàngi lekool ndegam dugg na juróom ñaari atam. Baay Seex bëggul dara ci lekool waaye Baay Musaa xamal ko ne jàmano ji moo ko laaj. Ci altine ji, Cerno dugg lekool, ànd ak farlu lool, xel mu neex ak **cawarte**. Natt yépp, mooy jiitu, ñépp di ko mbamb. Cerno mel ni ak njuuma, mujj jeexal njàngam suuf mi ci ñetteelu atam.

At mu jot, ñu jox ko ay neexal ci jojante yi moom ak elew bu tudd Buso. Natti njeextal yépp, ba ci bag, jérggi na leen ànd ak **tagg**. Nguuru Senegaal yóbbu ko réewu Tugël mu **gëstu** ji xam-xamu faj. Yaay Njole di tuuru rab yi ak di def ay déebaa-déeb ngir lu ko aar. Dafa mujj wéet lool, boole ca dëkk ci ay xalaat.



Cerno jël na abiyoŋ ba yegg Tugël te amul genn **gàllankoɔr**. Amagul sax at, sasoo dundu kér ak soxlaay njaboot gi yépp. Wujju yaayam mujj am **yaraange** ndax dañoo dëkkoon di **ñoññantal** yaayam. Cerno ñi tuy jàngandool ñépp ba ci tubaab yi sax moo leen gën a **xereñ**. Réew wu Tugël gépp mujj di yéem xam -xamam ci wàllu faj. Bi njàngam jeexee, nguuru Tugël sargal ko, jox ko ligéey bu kawe mu gàntu leen. Bi mu jékkee ñibisi, jox na baayaam, Yaay Njole ak Baay Seex ku ne paasu Mákka. Yaay Njole fàttaliku waxi **rawaan** ba: «Benn doom lay doon, dina guud fan, dina barkeel.»

Cerno wàcc Sàndeem ànd ak ñeenti Tubaab, may dëkk bi ab loppitaal, lekool ak ay ndimbal. Waa dëkk bi di fecc, di taasu, ñii di sant, di ñaan, ñii di ko ñee, Yaay Njole kontaan lool. Baay Musaa ne leen: «Jaboot ku ko ñee tay, mas nga koo yërëm. »

## Laaj yi

- 1 Bi Cerno juddóo, lan lañu xalaat a def ngir mu dund?
- 2 Lan mooy wone ci nettali bi ne Cerno dafa léej?
- 3 Lan mooy wone ci taarix bi ne Baay Musaa am na xam-xam?
- 4 Lu ngéen taataane ci mbiru yar ginnaaw bi ngéen jànggee jaari -jaari Cerno yi?

# Tànk-ndànk

WOLOF


CE1

Jéego

6

Téere

4



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain  
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).




**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal  
  
Ministère de l'Education Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

# Tànk-ndànk 6

## Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :  
<https://creativecommons.org/>

# **Li téere bi ëmb**

Waa Ngayeen.....	4
Caay-caayu golo .....	16
Wër gu yaram .....	28
Joŋante ca Mbirkilaan .....	42

# Waa Ngayeen



Suba su ne, Asan dafay taxaw ci buntu kër xaritam Maryeetu Gay.

Da koy woo, ñu ànd dem lekool. Waaye tey moom, Mariyetu wuyuwul.

Asan jaaxle lool, daldi dugg ci kër gi. Ca saa sa rekk, mu xam lu tax

Mariyetu déggul bi mu koy woo. Ngelaw lu am doole, moo dàjji seen néeg

yi ci kër gi. Tabax yi, itam dañoo daanu. Kér gi bari lool ay yàqu-yàqu.

Njaboot gi yépp dajaloo ci ëtt bi, jaaxle, di xool yàqu-yàqu yi. Céy bii

nattu!



- Asan wax ko Musaa, xaritam bi mu dajeel. Ci noonu, Maryeetu Gay wone yàqu-yàqu yi ngelaw li def ci kér gi. Asan yokk ci, ne:
- Yaakaar naa ni, yàqu-yàqu yi rekk, la taw bi def.
- Maryeetu xëcc loxo ba, tontu ko ne: ñëwal xool ci wàllu càmmoñu kér gi. Gis nga batimaa bi, dafa xar ci kaw ba ci suuf. Genn wàllu kér gi mu ngi waaj a daanu. Sama baay nee na, dañuy daaneel batimaa bi yépp, ndax ñu tabaxaat beneen.
- Fan ngéen fanaan démb, yaw ak seen waa kér?
- Asan laaj xaritam bi: Lu tax ñëwoo fanaan sunu kér?



Man, mënuma ñëw, loolu la ko Maryeetu Gay tontu. Guddi gi yépp,  
dañoo fanaane ñacc ndox mi ci biir néeg yi.

Ca noonu, Asan ne ko, dinaa ñëw dimbali leen saa su ngeen tàmbalee  
tabax seen kér.

Boroom dëkk bi woo kilifa dëkk bi yépp ngir wax leen nattu bi dal ci  
kaw waa Ngayeen . Fokk ñépp booloo ànd dimbali leen. Kurelu dëkk bi  
jàpp ni ca ëllëg sa rekk, dinañu tàmbali liggeey bi.

Fajaar teel, waa dëkk ba yépp daje Ngayeen, ngir tabaxal leen kér gu  
bees.

Ca mboolo ma, am na ci ñoo xam ni masuñoo téye ci seen loxo ab tuwel.  
Waaye terewul, ñoom ñépp, ñëw nañu ca kér ga jàpp ci liggeey bi.



Tabaxkat yi, tàmbali di rëdd fi ñuy sàmp kër gu bees gi. Ca noonu, ñu tàmbalee gas fondamanj bi. Ñay jàng liggeey bi, di waajal fu ñuy def móol yi.

Xale yi di indi móol yi, jigeen ñi di indi ndox mi.

Isaa, njiitu tabaxkat yi, moo jiite liggeey bi.

Mboolo mépp a tàmbali di liggeey.

Ca noonu, ñu tàmbalee gas fondamanj bi.

Isaa, wax baayu Asan : balaa jant bi di fenk, dinanu jeexal fondamanj bi.



Ba waxtu añ jatee, ñu séddale añ yi, mbooloo mi xéewlu. Ba ñu noppee añ, dallu tuuti, balaa ñoo tàmbaliwaat liggeey bi.

Kér gi du nekk ay sàkket, waaye ay móoli simoñ lay doon, ñu xaddee ko ay « arduwaas.» Kér gi leegi dina am juroomi néeg. Xale bu nekk, dina am néegu boppam. Abdu wax baayam, néegam na dend ak néegu yéndukaay bi.

Loolu dina tax, su guddi jatee, dina mën a jàng ay lessonjam ci làmp gaas bi. Làmp boobu moo gën a leer làmpu petarol bi.

Ca suba sa, njiitu tabaxkat yi tållal palaju kér gi, liggeey bi daaldi tàmbaliwaat.



Palanj bi rafet na lool, ba kilifa yépp ànd ci. Kér gu bees gi, dina am ju-roomi néeg ak saloŋ bu yaatu. Xale bu nekk, dina am néegu boppam. Waajur yi itam, daañuy am néeg bu yaatu bu ànd ak aw wanag. Kér gi itam, dina am gaanuwaayu biti. Dina am ètt bu yaatu, ci kanam ak ci ginnaaw.

Liggeey bi, bu àggee dina dëgér lool ba ngelaw du ko mënäl dara.

Aysatu mi fi dëkk, xam-xamam a ngi màccee ci rëdd palanj. Looloo tax moo defar palanj bi jàppalee ko waa Ngayeen.



Aysatu sëgg ci palaŋ bi, xool ko lu yàgg, daldi siggi xool liggeey bi ñu def. Bég na lool ci li ñu jot a liggeey. Tabax bi mu ngi jóg ndànk-ndànk. Leegi, ñu yegg ci taxawaay bi mu war a am. Leegi nii, war nañu waajal bunt yi ak seeni kaadar ak itam palanteer yi ak seeni kaadar.

- Maam Gaya laaj Isaa: ndax mën nañu taxawal bant yi y tëye xadd bi?
- Déeedeet, tey moom, mënuñu xadd kér gi. Fàww ñu xaar ba simaŋ bi wow, xaar itam ba tabax bi dëgér. Loolu nak, dafa laaj diiru benn ayu-bés.



Magu Isaa ju jigeen ji moom, dafa bëgg néegam dend ak néegu yaayam. Su ko defee, su guddi jotee, dootul ragal.

Ba tàkkusaan jotee, Isaa ne leen nanu bàyyi ba suba, teg ci gérém ñépp ci turu boroom kér gi.

- Jar a ngéen jëf! Leegi, demleen ngeen noppalu ndax bëccëg bi metti-woon na lool. Bu soobee Yàlla, suba teel nu tàmbaliwaat liggeey bi.

Astu mi leen doon déglu, laaj leen: Leegi, balaa boobu, nun fan lanuy dëkk?

- Balaa jant di so, dinanu leen deferal fu ngeen fanaan. Du mel ni fa ngeen dëkkoon, waaye di ngeen fa mën a nekkandi.




Astu teg ca ne : waaye foofu nu mu war a mel?

Ca la ko benn masonj tontu ne ko dina mel ni néegu ñax. Wànte li wër tabax bi, du nekk ban, du nekk siman. Sàkcket lay nekk, te defar bi dina gaaw lool.

Ba jant bi di waaj a so, Isaa taxawal liggeeyu kér gu bees gi, jublu ci liggeeyu mbaar mi.

Ca saa sa, ñu daaldi koy defar, ñu teg ci defar la ñu koy xaddee. Ngir bañ sedd bi sonal leen, ñu wërale mbaar mi ak ay basanj.

Sant yàlla bu baax, xaar bi du yàgg ci waa Ngayeen. Leegi ñu sanc seen kér gu bees gi.



Maryeetu Gay daaldi bég lool te kér ga noppeegul.

Boroom dëkk bi wo ñépp. Waxna leen ni, lii ñu def buñ leen ko bàyyeeti mukk. Lu baax la, jàppalanteen, lii mooy jëf ju rafet. Su kenn jaaxlee wala mu am nattu ci dëkk bi, ñépp na ñu booloo jàppale ko. Su ñu ko defee, dina baax ci ñépp. Ay nit suñu dëkkee dañuy ànd nekk wenn say. Deeleen di xàccandoo, di dóorandoo. Su ko defee dinañu am doole ndax mbóoloo mooy doole.

## Laaj yi

- 1 Ban nattu moo dal waa Ngayeen?
- 2 Lan la Abdu yëg ci yaramam ba mu gisee  
kër ñoom Maryeetu?
- 3 Ndax waa Ngayeen nelaw nañu ba yàndoors?
- 4 Mbaa wa dëkk ba yépp génn nañu dimbale leen?
- 5 Naka ngeen gise ndimbal la?

# **Caay-caayu golo**



# Caay-caayu golo



Benn bés, ag golo dafa nekk moom rekk ci ab dun. Mu wéet lool waaye mi gi seen àll bu naat, rafeet lool. Tefes gi yaatu na te bari ay meññeef.

Meeññef yi, neex nañu lool te saf sàpp ak suukér.

Su ko neexoon, mu jàll bu gaaw ca àll bu naat boobu muy seen. Su doon jeggi dun bi, ndox mi du weesu ay wóomam. Wante, ku ne xam nga ne golo ñemewul ndox.

Ca noonu, mu seen ag **xodd** guy waaj a naaw di dem ca àll bu naat ba.

- Eey! xodd gu rafet kaar, am nga kàttan te woyof nga. Xamnaa ni dina yomb lool ci yaw nga yóbbale ma àll bu naat bële. Soo ko defee, xamnaa doo ko réccu.



Xodd daldi taxaw, xalaat tuuti, xoolaat xelam, soog a nangu.

Ca saa sa, golo ga daldi yéeg ca kaw **xodd** ga mu jàlle ko te amu ci  
benn jafe-jafe.


Waaye bala moo wàcc ci suuf, golo, saay-saay bi, laaj xodd gi:

- Mbaa yaa may delloosi?
- Xodd gi tàwwi loos wi, yëngal ko ci ndeyjoor ak càmmoñ. Loolu daal  
mooy tekki déedeet.

Ca saa sa, golo gu saay-saay gi mer. Ca la ni **saax** ci dunqi xodd gi,  
suqi ko ba mu set wecc.

- Leegi nak doo fi mas a jóge te say dunq saxul.

Golo gu saay-saay gi ni ko jekkunaa la. Mu tàmbale pàkkarñi ci tefes gi.



Golo bég lool, tēb dal ci ag garabu màngo, tàmbale lekk ci meññeef yi. Mu tēb dalaat ci genn garabu banaana, meññeef gu mu sopp lool. Mu tàmbalewaat di lekk. Amatul jàmm bi mu gisee banaana yi. Mu nekk ci di lekk, di lekk ba xolam sedd. Mu bàyyi banaana yi, ni cëpp ci beneen garabu soraas. Waaye boobu nak soriwu ci. Booba xaw na suur, te boobu meññeef du xaritam lool.

Saay-saay bi mu doon, mu tàmbalee wit di sànni ci suuf. Ba biir ba feesee rekk, Golo tàmbali di yàq. Mu ngay fecc di **bajantu**, bég lool.



Xodd gi mu suqi, mi ngi ne **dung**, nekk ci melokaan bu **doyadi**. Xolam jeex lool, ci noonu, mu dem kalaame ko, Buur Jasig. Buur bi degluko ba mu noppi. Buur bi xam ni, li golo saay-saay bi def, ñaaw na lool. Ca noonu, Buur Jasig mer lool. Ak tànk yu gatt ya, mu xëlu, fekk golo fa mu nekk di lekk. Mu taxaw ci suufu garab gi , yuuxu ko dal ne ko:


- Ñàkk ngor! Baadoolo! Defal nañu la lu baax, nga faye lu bon. Waaye dinañu la teg ay daan yu metti soo bàyyuwul li ngay def. Leegi sax, jël naa dogal ni, bala jant di so, sama njaboot gi, dinanu la **warax**. Bu neexee Yàlla, doo gisati jant bi.



Bi golo saay-saay bi déggee kàddu yooyu, mu xàqataay, teg ci ne ko:


-Man, nga lekk ma? Xam naa ni xodd moo la wax, man rekk maa ñëw ci dun bi. Moo tax nga foog ni, mën nga maa daan ci lu yomb. Boo jàppée loolu, nax nga sa bopp. Samay ñoñ ak samay xarit, sooriwuñu ma. Ay junniy junni ci ñoom, ñëw nañu ànd ak man. Boo ma bëggee song, toroxal ma, dinañu ma jàppale!

Demal ci tefes gi. Soo xullee, dinga gis sunu màndarga tànk yi, soo mënee, waññil màndarga yooyu. Dinga xam ñaata golo ñoo ñëw ci dun bi.



Ca noonu, jasig dem ci tefes gi, xool ci wàll yépp. Mu gis ni golo yi, seen màndarga tànk yi, ñu ngi fépp ci tefes gi. Mu jàpp ni, war na **jàmmaarloo** ak noon yu bari. Waaye ba tey, taxul mu bàyyi li mu jàpp. Mu woo njabootam gépp, bàyyiwul kenn: jigeen, góor, xale, mag ñi, kenn desul.

Ca **saa** sa, foo tollu, séen ay jasig ñu jóge ci wàll wu ne ci dun bi. Ci **naaxu** jasig yi, am na yu tuuti, yu mag ak itam yu réy te bari doole. Golo saay-saay bi, mu ngi ci kaw garab gi, di leen séen ñuy ñëw. Bi ñu jegesee, Golo gi daaldi wax Buuru jasig yi:  
Ñi rekk ñooy sa njaboot! Ñi rekk nga am ngir jàmmaarlo ak sama jàmbar yi?



Buuru jasig yu mag yi, ñu ngi koy wooye Longo, di kilifa ci bépp jasig.

Longo moomu, mooy jiite ci tefesi dexi réew mi yépp. Li gën a réy ci sa réew, moo gën a néew li gën a tuuti ci sama réew. Njabootam gi, kenn mënu leen a xayma. Te yaw mii, sa njaboot ay téemeer kese lañu.  
-Ca noonu, Buur Jasig tëb ne ko "téemeer," waññal!

Dinga xam ni, dinga jël sa ponkali jasig yépp te doo feesal sama benn gox.-Loolu nga foog! Baax na!Leegi tàllalal sa njaboot gi yépp fi ma nekk ci garab gii ba ci garab gée ngay séen. Bu ko defe, dinaa leen mën a waññ benn benn.



Dinaa la xamal su sa jasig yi gënee bari jasig yu mag yu Longo ya.

Loolu bu amee, dinaa wax fu nekk ne xeex bi jeex na te Longo matul njiit ci sa kanam.


Ca noonu, jasig wax njabootam ñu toppalante benn benn. Fo tollu di séen seen ginnaaw yu weex ya ba xaw a dóomu taal. Golo saay-saay bi, ni cëpp ci garab gi mu yéegoon. Mu ni dafay tàmbalee waññi jasig yi.

Ci noonu, mu ni cëpp ci genn ginnaawu jasig, ni benn. Mu Tëbaat dal ci geneen, ni ñaar. Tëbati dal ci geneen, ni ñett. Noonu la ko jàppe ba yegg ca weneen wàll wa.



Golo saay-saay bi, noonu la def. Fexe na ba jasig yi toppalante jenn jenn, jóge ca tefes ga wutali dun ba mu jóge woon. Bi mu tege tànkam ci jasig ju mujj ji, jérggi na ndox mi yépp te tooyul. Mu ne cëpp dal ci weneen wàll wa. tàmbaliwaat di pàkkarñi.

Golo dolli ci di ñaawal jasig yi. Mu ngay cëppi-cëppi boole ci di leen mbëllee. Jasig door a xam ne Golo gi da leen a nax. Ci ñetti tëb rekk, la yegg ca dun bu àlle ba mu dëkkoon. Dafa daaldi daw bu gaaw là-qatu. Ndeysaan! Xodd gi, bés boobu, njabootu jasig mujju ñu koo fayul.



Lii moo waral, jamono jii, balaa kenn di def lu baax di ko seetaat. Dafa mel ne, ko lebal lu baax, mu fay la lu bon. Xoolal xodd gi, terànga ji mu ji Golo ak fi mu mujjee ak moom. Leegi daal, àdduna bii, doy na waar. Sooy def daal, defal rekk ngir Yàlla. Buur Jasig, jëf na jëf ju rafet. Njabootam itam, def nañu lu rafet. Waaye, ki ñu ko séqal, dafa saay-saay, te xel mi ñaaw lool. Terewul, Buur jasig ne ay njabootam ak ay ñoñam, lii, bu mu leen tere def lu baax. Gore ak baax, alalu yàlla la.

## Laaj yi

- 1 Lan moo tax buuru jasig yi foog ne ay golo yu bari  
ño nekk ci tefes gi?
- 2 Nan la golo gi def ba rëcc jasig yi?
- 3 Lu tax ñu ni golo gi dafa ñàkk ngor ak kóllare?
- 4 Ndax def lu baax, dañucee war a xaar ñu fayla?

# Wér-gu-yaram




# Wér-gu-yaram




Ekool, bërëb la buy yeete te bari ay njariñ ndax njeexital bi mu am. Njariñ laa ngi ca lañu fay jàngalee. Njàng maa ngi jëm ci dundu askan wi, jur gi, gàncax gi, ak ñoom seen. Lu jëm ci wér-gu-yaram, ci la bokk. Bés bu nekk, dañuy fàttali wala di xamle jariñu wér ak taxawaay bi nu war a am. Jàngalekat bi ne: "nit bu yeewoo, dafa war a toppatoo yaramam ak bërëb ba mu nekk. Kenn warul di set cetug ganaar: set ci biti, tilim ci biir." Cet, dafa yaatu, danga war a raxas say loxo saa soo génnee ba ñibisi wala boo génne ci wanag. Loolu moo tax, ci ekool bi, ñu ngi am ay raxasukayu loxo, rawatina ci bunti wanag yi. Su nu génnee ci wanag, wala nuy waaj a lekk, danoo war a raxas sunuy loxo ba mu set. Lii, ku ci sax, mën ngaa mucc ci feebar yu bari.



Cet, yemul rekk ci raxas ay loxo wala setal saw yaram. Li nuy lekk ak a naan itam danu ko war a seetlu bu baax. Bés bu nekk, dañuy togg añ ca lekol ba. Góor ak jigeen dañu fay jaay ñam. Waaye Direktëer dey faral di seet ndax am nañu kayitu kér doktoor balaa muy nangu ñu fa di jaay. Ñam ya ñuy jaay, dañu koy teg fu kawe, ub leen ba weñ yi duñu ci dugg. Direktëer, dina faral di génn ngir xool ndax njaay mi jaar na yoon. Moom ak jàngalekat yu góor yi ak yu jigeen yi, dañuy nemmeeku siwo yi ñuy naane. Du ñu jóg ci di nu yee ci musiba yi mën a nekk ci ñam, rawatina ñamu mbedd. Direktëer nettali nanu la daloon Xalifa ak Nafi. Xalifa dafa romb ca mbedd ma benn jaaykatu ñebbe, mu jënd ca, biir ba di daw.



Nafí, ba mu jëndee beñe ca mbedd ma lekk ko, am woccu la ca jëlee. Bu doktoor bi yeexoon a ñëw rekk, musiba am. Looloo tax ba cet moom du mas a doy, te ku nekk war nga ci bey sa waar, bey ca waaru ñeneen. Bés bu nekk, muy góor di jigeen, war nañu setal ekool bi ak li ko wér. Loolu bokk na ci li tax ñu jagleel ekool bi ayu bésu lëmm, at mu nekk. Ci diiru ayubés boobu, dongo yi ak seeni waajur dañuy amal ay set-setal ci ekool yi ba ñu set wecc. Ñii dañuy indaale ay peel, ñii ay bale, ñeneen ay gasukay, ak ñoom seen . Bu ñu dajale mbalit mépp, dañu koy teg ci sareet tuuri ko. Ca buntu kalaas bu nekk, teg nañu fa defukaayu mbalit bu am kubeer ba du tas. Kalaas bu nekk, tånn nañu genn góor ak jenn jigeen yu leen di taxawal ca kurel giy saytu cet gi. Ña bokk ca kurel googu, ñu ngi leen di xàmmee ak seen mbaxana yu mboq ya ñuy sol.




Na kurel gay saytu cet di doxale, lañuy waxtane ci kër yi. La ñu namm ci seen liggeey, mooy askan wi roy ci ñoom, ba tax boroom dëkk woote ndaje. Sant na yéglekat bi mu jottaliko waa dëkk bi. Woote bi mungi jëm ci mbootayu jigeen ñi, yu góor ñi ak yu xale yi. Boroom dëkk bi bëgg na leen xamal jafe-jafe yi gox bi jàaŋkoneel ci wàllu cet. Waxtaan na ci mbuuus yi fees dell ci mbedd yi. Tudd na ndox yu bon yi ñuy tuur ci yoon yi ak sën yi wér dëkk bi. Ba mu daanale kàddu, la mbooloo mi jàpp bés ngir setal gox bi. Ba waxtu wa jotee, ñépp a teew: góor, jigeen, xale wala mag, ak seeni burwet, ak i semmeñ. Balaa naaj wi di tàng, fekk liggeey bi sotti na. Boroom dëkk bi géräm ñépp, xamal leen ne nu ngi jëm ci njëmbëtum garab.



Mbooloo ma gën a sawar te naan « xam nanu ne lu kenn mën ñaar a ko dàq. Mu di jigeen di góor, xam nañu lu leen war ci seen ab gox. Ca noonu, lañu leen fekk ca ekool ba, ci njiital jàngalekat yi. Jàngalekat yooyu de, fu ñu tollu nu ngi nuy yee ci lu amal njériñ askan wi. Bokk na ci njériñ yooyu njëmbëtum garab. Jàngalekat bu jigeen bi de, yee nanu ci njériñ li garab am ci nit ak alam kéew gi. Wax nanu ne àll bi sonn na ndax garab yu bari dee nañu, rabu àll yi daw nañu. Bokk na ci lu indi loolu, yëngu-yënguy rëbbkat yi ak yu daggkati garab yi. Mën nañu dolli itam, beykat yi yiy taal àll bi. Ci suñu ekool, nu ngi jëmbët ay garab. Looloo tax nu taxawal fa kurelu dongo guy saytu gàncax gi. Nu ngi leen di xàmmee ak mbaxana yu wert ya ñuy sol.



Gisnanu ne aar gàncax gi wareef la ci ku nekk. Yemul rekk ci jëmbët garab. Ku ne war na am taxawaay bu rafet jëm ci sàmm gàncax gi. Wanag yi nuy samp ci wetu kalaas yi ak teen yi, mën na jur jàngoro. Doomi jàngoro yi, ngelaw li, ndox tuy walangaan ak weñ yi mën nañu koo delloo ci aw ñam. Loolu bu amee, mën na jur mitiitu biir wala biir buy daw, a.ñ.s. Ngir mucc ci lu ni mel, nanuy jëfandikoo wanag yi ci ekool bi. Ca ekool ba, dañu ber wanagu xale yu jigeen ya ak wanagu xale yu góor ya. Fàttewuñu itam xale yi am **laago**. Kurel giy saytu cet ci lekol bi day nemmeeku saa su nekk cet gi. Looloo tax ba kenn ku ne di fexe ba duñu ko teg ay daan.



Ndekete jëf ju bon ju kenn nit def, mën na lor aw askan. Ginnaaw ba ñu sunu jàngalekat bi yeewee ci lu bari, lañu tàmbali di amal ay ndaje. Ndaje yooyu, li ci gën a bari, ndawal buur yi yëngu ci cet, wér-gu-yaram, a.ñ.s, ñoo koy jiite. Képp ku ñëw rekk, dangay wone xareñ gu mat sëkk. Ki ñu dénk cet gi, won nanu niñuy raxasee sunuy loxo ak nuñuy aare dencukaayu ndox. Ki yor àll bi, jëmbët na garab ci sunu kanam. Ki ñu dénk wér-gu yaram, won nanu ay nataal yu bari. Dinga ci gis xale yuy naan ci ab déeg. Am na tamit kuy jaay ay garab ci mbedd mi. Doktoor bi nettali nanu li daloon Baabakar ak Faatu: dañoo lankoon, bañ a takk sàanke. Moo tax balaa nawet bi di jeex, ñu tawat ñoom ak seen njaboot.



Jàngoro yooyu ñu lim, war na tax nu mën a jàpp ne wér-gu-yaram du mbiru kenn nit. Dafa laaj farlu, jikko ju rafet ak dimbalante. Am na ci kurel yi ëmb dongo yi, yuy faral di amal ay yëngu-yënguy yeete. Kurel gi ñu tuddee « Góornamañu ekool bi», Sofi moo ko jiite. Soofi jigeen ju xareñ te sawar la, mën lool dajale ay nit. Kurel gu siiw la ndax ligeey bu am solo ba muy def. Waxtaan yi muy amal dafa ëmb wàllu cet, njàng, wér-gu-yaram, a.ñ.s. Dinay amal ay yëngu-yëngu yu koy indil koppar. Kureli dongo yi, dafay amal waxtaan, ci rajo yi ci gox bi. Gis-gisu Sofi tax na ba sunu ekool am seex, muy ekoolu Daaru. Ñépp nangu nañu ne laago Sofi gi yàqalu ko dara ci ligeeyam.




Liggeeyu ñaari ekool yooyu, taxna ñu siiw bu baax. Looloo waral kili-fay njàng mi ci gox bi, tànn leen ngir ñu dalal ubbite ayu-bésu njàngale mi. At mu nekk, réew mi day màggal ayu-bés bi ñu jagleel njàngale mi. Benn poñ lanuy waxtaane ci ekool yépp. Li nu ci jublu, mooy fexe ba askan wi gën a dugal loxoom ci njàng mi. Bésu mbegte la, ci dongo yi. Xeetu po mu nekk lanuy amal ci fan yooyu. Jàngalekat yi desuñu ginnaw. Dañuy gunge xale yi ci waaj mi. Waajuri dongo yi, dañuy teew ci ekool yi bu nuy amal ayu bés boobu. Njiitu ekool yi ñoom, ñooy doxal xew-xew bi ci kilifteefu ki ñu dénk jàng mi ci gox ba.



Yëngu-yëngu yi ekool biy amal, dañu koy fésal ci ab surnaal. Tasu-kaayu xiibaar buy genn ñaari yoon ci at mi dinay bind ci xew-xew bi. Ay dongo yu xareñ ci mbind ño ko ɻank. Lépp lu aju ci yëngu-yëngu ekool bi, dañu ko fay siiwal. Ñu cay ràññee lu jëm ci cet, wér-gu-yaram, kéew gi ak tåggat yaram, a.ñ.s. Amna pàcc bu ñu jagleel léeb ak cax. Askanu gox bi, rafetlu na doxalin woowu. Dongo yi ak seen waajur, bàyyi nañu xel surnaal bi, ba tax mu am njarte lool. La ciy ruus ci koppar, dañu koy séddale ñi koy defar ak lekol bi. Ki ñu dénk koppar yi, mooy denc wallu lekol bi. Su jafe-jafe amee ci ekool bi, ca la ñuy jël ngir saafara ko.



Cet, ni mu baaxee ci wér-gu-yaram, noonu la ndox amee njariñ ci nit ki ak kéew gi. Loolu moo tax dañu war a saytu bu baax ndox mi ak fu ñu ko mën di amee. Ndox ca teen ba lay jóge, mbaa ca dex ga, a.ñ.s. Ñàkk ndox musiba la ci bépp mbindeef. Loolu moo tax nu war a moytu di yàq ndox. Ca ekool, won nañu, ni ñu koy jëfandikoo ak ni ñu koy setalee. Su nu ñibbee kér ga, danu koy xamal waajur yi. Su ko defee dinañu mën a aar njaboot gi ci feebar yu bari. Nanu fàtteliku ne, naan ndox mu sellul mën na jur ay jängaro. Mën nañu ci lim: biir buy metti wala buy daw. Loolu moo tax aar ndox, war na ku nekk.



Dundu nit, dafa laaj muy defaraat nekkinam, muy góor mbaa jigeen, ku nekk am nga ci wàll. Askan wi ak kéew gi, ñoo bokk genn gaal gi. Gaal googu, dañu ko war a sàmm bu baax. Su nu ko sàmmee, dina mën a teer ci jàmm. Jàmm jooju, ci la lépp xaj. Moo tax jàmm moo gën ci ñépp. Ekool masul a tàyyi di nu jàngal nu ñuy aaree kéew gi. Sunu wér-gu-yaram a ngi wékku ci loolu. Benn boroom xam-xam nee na : «fagaru moo gën faju». Saytu cet gi, gàncax gi, ndox mi, a.ñ.s, ku nekk la war. Kàddu yii, dem nañu ba doon woy ci nun, ndax ni ko jàngalekat bi di baamtoo.


## Laaj yi

- 1 Ndax am na ñuy jàppale jàngalekat yi ak dongo yi,  
ci yëngu-yëngu ekool bi?
- 2 Ndax ekool bi am na kantin?
- 3 Ndax lekol bi am na kurel guy saytu ay mbiram?
- 4 Ndax soxlay jamanoy leegi ji dina yombal aar kéew gi?

# Joñante ca Mirkilaan



# Joñante ca Mirkilaan



At yi nu weesu, balaa ekool di tēj, dañuy amal ay joñante ci ekooli réew mi yépp. Waxtu woowu dey fekk li des ci njàng mi bariwul. Lekol bu ne, mu ngi seet nan lay waajale joñante yi. Dinañu tànn elew yi cay bokk. Benn jàngalekat lañuy tànn ngir mu tàggat xale yooyu. Lépp lu joñante di laaj ci jumtukaay, lekol yi dañu cay taxaw temm. Joñante ya, muy xale yu jigeen ak xale yu góor, ñepp a cay bokk. Xale yi am laago itam, kenn fàttewu leen ndax ci lañu bokk. Su ekool ubbee rekk, xale yi tàmbali tàggat seen bopp. Ci waaj moomu sax, dañuy faral di amal ay joñante ci seen biir ekool. Ña ca gën a xareñ, ñooy taxawal seen ekool ca joñante yi. Ci jamano jooju la xale yiñ joñante ci wàllu daw di fësal seen bopp ci kanamu askan wi.



Daaw, fukki jàmbaar teewaloon nañu ekoolu Mbirkilaan ca jojante Maabo ba. Jàngalekat bi leen doon tåggat, moo leen gunge. Ñenn ci waa dëkk ba teewoon nañu fa. Li waral seen teewaay mooy jàppale seeni gune ca jojante yi. Yenn waajur yi ñaanal nañu leen balaa xale yi dem. Xale yi woone nañu fa xereñ ak yar. Kenn ci ñoom, Musaa, jël na ndam la, ci wàllu daw. Moo tax am na ndàmpaay. Ñu bari ci xaritam yi itam, am nañu ndam ci yeneen xeeti po ya fa amoon. Xale yu jigeen ya ñoom it, wone nañu seen jàmbar. Ràññee nañu ca Ami ca wàllu tëb bu kawe. Xaritam Binta moom, mu nga ca tëbu guddaay ba.



Ren, elew yu Mbirkilaan ñoo dalal jàmbaari lekol ya ko wër. Waaj mi, ñungi ko dénk ñaari jàngalekat: Sëriñ Moor Jóob ak Soxna Ami Juuf Fay. Seen taxawaay ak seen farlu ci liggeey moo tax ñu tànn leen. Ñaari njàngalekat yi bég nañu lool ci li ñu leen tànn. Loolu taxna ñu diisoo ñoom ñaar ak njiitu lekol bi. Dajale nañu elew yu mag yi ngir waxtaan ak ñoom. Diisoo nañu ci waaj mi rawatina anam yi ñuy taggate xale yi. Mbir mi jump na ndax fukki fan ak ñeent rekk ñu dugg ci jojante yi.

- Muse Fay xamale ne: Bii yoon xëccoo bi dina tar lool. Fii ak ñaari fan doñj, warnanu dalal mboolo mu takku mi ñu doon dalal at yi weesu.
- Ba pool ni leen: mënnaa dalal ñaari nit.
- Faatu feelu ko ne: man dinaa fat juroomi nit.



Elew yaa ngi jaayante mën a teral gan. Góor ak jigeen, ñépp a farlu ci xew-xew bi. Dëkk bi ak ekool bi ñoo aaye. Bëggu ñu benn rëq-rëq am ci. Muse Faal jël kàddu ne: seen taxawaay bettu ma. Xamnaa ne fii ci Mbirkilaan, gan du fi jaaxle. Waaye jàppoon nanu ne danu leen war a dalal ci màkkaan mi ñu jagleel xale yi. Laata gan ñiy ñëw, dañu ko war a setal. Xale yu jigeen ñi daldi ni: mën nanoo def liggeey boobu. Xale yu góor yi ñoom féetewoo lakk mbalit ma. Ci seen mbirum lekk, kér yi dañu koy awante. Soxna, njiitu lekol bi ni man, maay jékke.



Elew yi ak seen jàngalekat joxante daje ci ngoon ca bayaal ba. Bayaal ba, ma nga féete penku, sooy dugg ca dëkk ba. Foofu la nu war a amale jojante yi. Boroom dëkk ba ni taawam mu dem xolaat bayaal ba ndax amul lenn lu mën a gaañe.

- Ci rawante jëm ci daw, Muse Fay ni leen: fi nu ko defewoon daaw lañu koy defee ren. Nanu natt diggante yi, te delloo bant yi fa ñu nekkoon.
- Aali ne leen: ndax bërëbu tëbukaay yi, ni ñu meloon lañu koy defaat?
- Muse jóob tontu ko: déedeet! Foofu suuf si dafa dëgér. Nanu tànn beneen bërëb. Sunu ko gasee ba mu xóot, nu def ci suuf ba mu fees. Loolu dina tax ba ku tëb, ci suuf su nooy ngay dal.

Aali gis ni la Muse Jóob wax lu mën a nekk la, mu daaldi ca ànd




Ca saa sa, lañu taxawal ay kurel yu ndaw. Ca kurel gu nekk, jigeen ña am nañu ku leen fa nekkal. Xale yi am laago, ñoom it tann nañu ku leen teewal. Leegi, xale bu ne xam na li mu war a def. Ku nekk indi nga jumtukaay bi muy liggeeye. Ca la ñu song liggeey ba. Ñenn di gas, ñeneen wuti suufu beeñ. Ña ca des di maasale. Ci diir bu gatt, defar nañu bëreb ba ba mu jekk. Joñantekat yi mën nañoo tambali di taggatu ëllëg. Nañu leen wax ne: ñi ñu ràññee ci taggat yaram dinañu leen fekki. Dañu bëgg a waajal jàmbari ëllëg yi.



Joñante yi dina am: tëb bu gudd, tëb bu kawe, sànni bu ñuy natt gud-daay, a.ñ.s. Ci loolu, xale yi dimbali nañu bu baax Muse Faal ak Muse Fay. Dañuy natt lu ku nekk am. Ami ak Daba, buum lañuy jëfandikoo. Gis nañu Saaliwu di jekkal ab puwa bi ñuy sànnee. Leeg-leeg ñuy jéemaat ngir gën a **ñojal** xayma gi. Waxtu tàggat, moo gën a metti ci waaju joñantekat yi. Loolu tax na ba njiit yi, di ci teel a jóg. Xale yi ñu farlu lañu ci jéemantu yi. Fulla ak fayda lañu wone ci jéemantu yi. Seen mag yi nëw nañu ngir gën leen a ñaax. Ku nekk a bëgg a jël ndam li.



Bés bi ñépp doon xaar ñëw na. Suba teel, waa dëkk bi yépp a jubal ca bërëb ba ñuy amalee joñante yi. Ba kilifa yi egsee, direktëeru ekool baa jëkk a jël kàddu. Wone na mbégteem ci li xew-xew bi ame ci dëkku ekool bi mu jiite. Jaa-jëfal na bu baax jàngalekatì ekool ya fi teew yépp. Ba mu noppee, Boroom dëkk **feelu** ko. Dalal na gan ñi, tontu-waale direktëer. Boobu la jàmbaar ya ak seen col yu jekk ya, toppante ci lu rafet, tàmbali di wér. Ca àlluwa ya ñu téye ca kaw, dinga séen turu ekool ya bokk ca joñante ya. Ba xaley Mbirkilaan ya rombee, tàccu yu tar lañu leen gungee. Ca lañu leen won kilifa yi fa teew. Ba loolu weesoo, la kilifa gi ñu dénk njàng mi ca gox ba ubbi joñante yi.



Juroom ñeenti waxtu yu teg fan-weeri simili jotna. Ca la Muse Fay jël kàddu ngir biral mbooloo mi ndoortel jojante yi. Mu daldi yégle po mu jëkk mi ak turi ña mu soxal. Ci lu gaaw, xale yooyu daje nañu ci kanamu muse Fall ca fa ñuy tëbbee. Jéemantu bu jëkk la ci tuut-tànk yi, buum gaa ngi tollu ci genn-wàll meetar. Ku ñu woo turam, mu daldi defaru, tëb jéegi bum ga. Jàmbaar ja fëll ci tuut-tànk yooyu, mu nga jóge ca lekolu Nawél. Ba tuut-tànk ya noppee, xale yu digg-dóomu ya topp ca. Kawewaayu buum ga, ma nga tollu ci meetar bu toftal tuuti. Xale ya, ku tëb rekk, laal buum ga. Ka yore ñaari raaya ya, yékkati wu xonq wa. Moo tax ca njeexantal ga, Aali rekk a ko jot a jéaggi.



Tàccu yu xumb moo jëmmal ndam la Aali am. Ci lu gaaw, Muse Fall joxe ndoorteelel jojante dawu xél yu yàgg ba balu fital ga tàkkee. Xale ya jógandoo def benn dank. Ca la ñu gis Seen, ci la yokk xélam yi, dab ña muy rawanteel. Mu daaldi leen romb. Ca bés bu jëkk ba, Mbirkilaan lañu ca gën a ràññee. Ca ëllëg sa sa, jojante yi dooraat ak sànni puwaa. Ca njeexteelel bés ba, Mbirkilaan moo jiitu ci juroomi lekol yi. Seen jàmbar yi, ñoo raw ci tëb ba ak daw yi. Segere moo ci topp ak ñaari jàmbaar ci wàllu sànni. Joxe neexal ya mo tëj jojante ya. Bi mu guddee, elew yi baaxe nañu waa dëkk ba po mu neex.

## Laaj yi

- 1 Lan la elew yi di waajal ci bu at miy bëgg a jeex?
- 2 Ndax jàppale nañu elewi Mbirkilaan yi?
- 3 Ndax joñante yi, ci benn béreb ba lañu koy amal at mu nekk ?
- 4 Ren, ban gis-gis nga am ci joñante yi?

# Tànk-ndànk

WOLOF


CE1

Jéego

6

Téere

5



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain  
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).




**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal  
  
Ministère de l'Education Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

# Tànk-ndànk 6

## Wolof

2019




Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :  
<https://creativecommons.org/>

# **Li téere bi ëmb**

Lëg, Bukki ak Garab gay wax .....	4
Jaloorey Sàmba Gelaajégi .....	16
Sëfér bu sàggan .....	32
Lel bi .....	44

# Lëg, Bukki ak Garab gay wax



Benn bés, Bukki da doon doxantu ci àll ba, ci jamano tangoor wu metti. Mu ngay dem ak a dikk, di daw, di xeeñtu, di yuuxu, taxaw, yuuxuwaat. Mu ngay def li Bukki faral di def ci biir àll. Na muy yuuxoo wuute na ak na mu ko daan defee ndax xiif te amul lu mu lekk. Mu jekki-jekki gis ci àll bu yaraax lu yéeme luñu dul faral di gis.

Garab gu gën a rëy, gën a kawe am taax, am xas wu dijj, mel ni luñu yett. Dalay jox kanamu nit. Seetlu nañu ca bët yu ñuul te xóot, bakkan bu tàcc. Gémmeñ ga da ni **ŋàpp** ni buntu puur



Ca xar kanamu garab ga, dara yënguwul bay niru luy dund, du bët ya,  
du gémeñ ga. Moonte garab gi da lay xool, paxum gémmeñ ga dafa  
raglu ni gu rab wu soxor.

Li ci gën a yéemewaat, mooy ñaxtu ga ñuy faral di degg ca gémmeñ  
ga. Day niru lu lëndëm te **raglu** ni yooyu **till**.

Ba Bukki dégee yuuxu ñaxtu ga, dafa ni tekk ndax ragal, boole ko  
di yuuxu.

Wooy! garab guy wax! Ca la yég am xët, mu daaldi xëm. Garab ga dafa  
mel ni lu génne ab bàンqaas, ngàdd ko. Bukki xëm lu yàgg. Ba nu yewwoo,  
jant baa ngi so, guddi gi dugg.



Garab ga jige ko lool te naan hu!hu! Dafa mel ni sax yeneen garab ya,  
ngelaw lay upp dañoo ragal.

Ponkalu garab ga, sànniwaat beneen bàンqaas, jot Bukki, xëcc ko ba  
mu jege gémmeñam ga. Ca tiitaangeem ga, Bukki dégg baat bu xuur  
te sori naan ko: Bukki, yewwu nga leegi! Déglu ma te fàttliku li ma lay  
wax. Fii fépp rab wu ma jige ni "Garab guy wax"daaldi dee ci saa si. Bii  
yoon, baalnaa la. Demal sa yoon, su beneen ne, soo ma jigee, fàttlikul  
ni damay wax.

Bukki xaarul ñu waxaat ko ko. Ba ko bàンqaas ba bayyee, la **fëx**.



Ba Bukki dawee ba sori Garab ga, mu taxaw, tälli ñareet, di raay bopp  
ba ndax mettit. Mu tekk ci ni, Garab gu bon gii moo tax sama bés bi  
yàqu. Sama bopp bi dafa diis, teg ci sama mbàq gi dara nekku ci.  
Bukki di xalaat, xalaataat man pexe la mën a def ba am lu mu lekk  
ndax xiif.

Mu jekki xalaat ne: damaa juum ci li ma jàmbat Garab gi. Waaye moo  
may wutal pexe mu ma amee lu ma lekk ba regg. Dina tax ba duma  
xiifaat suba, ginnaaw suba ak bés yiy ñëw.

Ca suba sa, Bukki dem seeti Kéwel. Ba mu yeggee, mu ni Kéwel, maa  
ngi nii! Kéwel tontu ko, man tamit maa ngi nii!



Ca waxtaan waa, Bukki ni Kéwel, tey ma won la loo masul a gis, sa  
baay ak baayam umpale. Ko Kewel ne ko  
Waay kon Bukki lan la?

Bukki ne ko: Garab guy wax la.

- Garab guy wax, Bukki bu ma fontoo! Neexul ba neexul danga may  
fontoo!

Bukki ne ko ak sama gémmeeñu yaay, mën naa la won Garab guy wax  
ni yaw ak man. Day laaj nak nu déggoo ci.

Waaw nan lay deme kon?

Kéwel, soo ko gisee, giiñ naa ni dinga yéemu ba ni waaw, Garab guy  
wax!



Bukki, ca pexeem ya ni ko: soo waxul Garab guy wax, dina mer,  
daldi lay bàcc bànqaasam ya.

Ci la ko Kéwel ni: Bukki nanu dem.

Ñu daldi ànd, ci lu yàggul dara ñu yegg ci àll bu yaraax. Kéwel gis  
Garab gu gën a réy am taax, am luy niru xarkanam, di yuuxi ni till.

Kéwel tiit, daldi jalu ni: waaw, Garab guy wax!

Ba muy daaneel, ñu dégg téll, Kéwel xëm daanu, Bukki song ko,  
tàmbali di lekk.

Ci la Bukki diri ca àll bu yaraax ba Kéwel ga ni tekk ndax tiit. Mu  
dellusi teg ci **jaar** ak gawaayam ni **xojog**, teg ci xar boroom xel mu  
nëx mi. Bàyyiwu fa mbaam-àll ak kawar gu réy ga te dëgér, nagu  
àll, mi ragalul dara.



Ba Bukki yenoo nagu àll wi wuti Garab ga, Lëg, ca deñ-kumpa ga, topp ko te gisu ko. Nagu àll wa jommi moom tamit ba mu gise Garab gu yéeme gi.

Ah! rab wii moo soxor, suñu ko bàyyi woon, lu ko neex lay def, dina rey rabi àll yépp. Wante xaaral, dinga xam ni Lëg a ko gën a muus fopp. Ca ëllëg sa, Bukki delluwaat ca àll ba ngir wut ku mu reyaat. Ca la Lëg jóg, jëlaat yoonu Bukki wa. Ba ko Bukki séenee, mu tàmbaliwaat di ko tegal pexe ya mu tegaloon yeeneen rab ya. Ca la Lëg yëngal, yëngalaat noppam yu gudd ya, ni tekk dixaar lu Bukki di **nasati**.



Bukki di xalaat li mu war a wax lëg . Mu nga ko naan waaw, xam nga man sama xel neexul. Damaa dëgér bopp, te sama xel mi dafa **nëx**. Ndax mënnaa la laaj dara ?

Lëg tontu ko ne ko : Bukki loo may laajati, waxal ma dégg.

- Jaa-jëf lëg, leegi, loo xalaat ci Garab guy wax ?
- Garab guy wax! danga maa bëgg a jommal xanaa!
- Déedeet sax, danuy waxtaan rekk.

Lëg xel mi tàmbali di werante.



Ba ñu toogee ab diir, Bukki gis ni Lëg dafa xaw a sedd. Ca la ko laajaat,  
waaw sama xarit, loo mel ni ku jaaxle ni?

Lëg ne ko, yemuma ci jaaxle, damaa mel ni kuy bëgg a jommi.

Bukki ne ko, kon de soo gisee Garab gu réy, gudd, dinga yuuxu bu  
baax. Dinga naan: waaw ! lii Garab guy wax la. Jafewul a wax dara.

Laajul xel mu neex ngir fàtteliku ko.

Xaaral ma jóem ndax dinaa ko mën. Garab guy wax...Garab guy wax...  
yaakaar naa duma ko fàtteeti. Waaye, lii de doy na waar, kenn masul  
gis lu ni mel.



Lëg daldi jóg ni Bukki, mën nanoo dem leegi.

Ci la ñu ànd di wéy, yàggul dara, ñu yegg ca àll bu yaraax ba.

Lëg a ngay waxtu naan: Oh ! Garab guy wax, Garab guy wax.

Bukki ne ko Ee ! Lëg, yéggaleel sa kàddu.

Ci tiitaange, Lëg naan: Garab...guy...wa...

- Waaw lii mooy lan ! baamtuwaatal li ma la waxoon!

- Ca dëgg-dëgg, fàttenaa ko : Garab guy wa... Garab guy wa...céy xel  
mu nëx!

Bukki mer ne ko neel Garab guy wax, bul xalaat leeneen.

Bi Bukki di jeexal wax ja, la ko bànqas ne téll, mu ni dàll xëm, yewwu-  
waatul.

## Laaj yi

- 1 Lan lu yéeme la Bukki gis ca àll ba?
- 2 Ban njariñ la ko indil?
- 3 Lu tax Bukki yóbbu Kéwel ci taatu Garab gay wax?
- 4 Joxeel sa xalaat ci li nga jot a jàpp ci xew-xew bi?

# Jaloorey Sàmba Gelaajéegi



# Jaloorey Sàmba Gelaajéegi



Ca dëkku Pël ya, amoon na genn góor gu fa dëkkoon. Benn bés mu dogu ne dafay tukki ngir jang adduna. Mu jël kiiraayam maanaam fittam ak jaaséem, door a war fasam. Ci la tegu ca yoon wa, dunguroom bu dogu bi, topp ca ginnaawam.

Ba Sàmba doxee ay waxtu, romb benn àll, soog a egzi ci benn déeg bu mag. Ay garab yu réy ñoo nëb genn-wàllu ndoxu déeg gay **gilli**. Foofu mooy këru Jinne ji.

Jinne ji, Njuuma lu réy la. Maanaam xeetu **ninki-nànkà** la, te yaramam fees dell ay **waasintóor**.

Tànkam yu dëng ya am nañu ay wee yu gudd te sew, niroo ak yu Gaynde.



Mala wa dafa ragallu lool, ba nga xamne, ña amoon fitt sax dañu doon pat-pati ndax ragal.

Waaye Sàmba yëgalu ko yaramam. Naam Dunguru xelal na ko, teewul wàcc na ci fas wa. Ca la dem jigeji déeg ba.

Ca saa sa, ndox mu ñuul ma, te xasaw tàmbalee yëngatu. Ndox miy bax-baxi, jekki-jekki ne waat tekk. Moo ngay def ay duus yu kawe ni tund yu mag, ànd ak coow lu réy.

Ba ndox mépp newaatee tekk, Jinne ja egsi. Mi ngi taxaw ci diggu ndox mi di wér nit ku sob ki, ki ko yàkkal nelawam. Ba mu gisee Sàmba, ca la wëlbatiku jàkkaarloo ak moom yuuxu ko ca kaw **dënnu**.



Dafa ubbi gémmeñam, mu yaatu lool. Mu bàyyi xet gu xasaw mu cay génn. Waaye Sàmba ragalu ko. Mi ngi jàkkarloo ak njuumá li, di ko xool. Jinne ji tàmbalee màgg: baatam tàwweeku, guddaayu boppam romb garab yu mag ya ba egzi ca **niir** ya. Waaye Sàmba ragalul ba léegi.

-Jinne, lu tax ngay def lii? Danga am jot rekk. Man mii, amul dara luma ragal.



-Ginnaaw bi mu delloo melaat nimu meloon, ca la tontu Samba ne: « Ci nit ñépp, yaw yaa ci gën a jàmbaare. Moo tax dinaa la neexal. Maynaa la fetal gi nekk fee ci suufu guy gee. Génne nga ko ci mbaram rek, mooy ki ngay xeexal dee na. » Sàmba yàkkamti jël fetal ga. Bi mu demee jël ko ba noppi, ne:-Baax na! Maa ngi dem xooli ndax li Jinne ji wax dëgg la!

Mu génne fetal gi ci baram rekk, Jinnej daanu dee.



Sàmba topp yoonam di dox. Mu egzi ci ab dëkk bu mag bu mu xamul.

Doxna lu sori ca naaj wu tàng wa. Moo tax mu maroon a naan. Bi mu doxaate tuuti rekk, ca la taxaw ca kanamu néegu ñax ba mu jëkk a gis, ñaan ndoxu naan.

Benn aji- defal yàlla bu jigeen may ko tuuti ndox ci genn leget. Ndox ma, ma nga xasaw lool ba mënu ko naan.

-Ca la wax, ne: mii ndox a tilim!

- Ndaw sa tontu ko, ne: Ee gan gi, dëkk bi amul ndox.

-Lu tax loolu?




- Ndox, benn béréb rekk nga ko mënee am ci dëkk bi, ta jenn jasig a fa dëkk. Benn yoon rekk nga fa menee am ndox ci at mi. Te at mu ne, fàww nga jox ko sarax benn janq. Dañu ko war a solol yéere buur bu jigeen, takkal ko jaaroy wurus, lamu wurus ak ceenu wurus.

Bu fekke janq ji nga ko jox neex na ko, dakoy yóbbu, lekk ko. Bu ko neexul nak, du bàyyi kenn utiwaat ndox ci déeg bi. Suba sax lañuy jébbali janq ji ñu tànn jasig ja.

Sàmba ne ko: Jox ma benn ndaa lu amul dara. Damay dem ci déeg ba uti ndox man ci sama bopp.

-Waay defal yàlla bi tontu ko, di pat-pati: dinañu la lekk de.



Sàmba dem ca déeg ba. Mu duy ndaa la ko waay defal yàlla ba joxoon, mu naan, jox fasam ak Dunguroom ñu naan. Ca lañu déggee coow lu réy. Jasig ja génn ca déeg ba.


-Jasig ja laaj ko: Looy def fii?

-Sàmba tontu ko ci suuf: Damaa mar rekk di naan.

-Jógeel fii léegi-léegi wala ma lekk la.

-Sàmba mi am fit, ne ko: Jasig ragaluma la.

-Jasig ja mer ba futt, dem song ko. Bëtam yaa ngi xonq ni safara.



Bi fasu Sàmba gisee gémmeñam gu yaatu ga ta gudd, ca la tàmbalee **nexal** ak di bajjantu. Dunguru bi ànd ak pas-pas ci wetu Sàmba, tiit daw nëbbatuji ca ginnaaw genn **gajj**.

Waaye, Sàmba yëngatuwul benn yoon. Ba ko Jasig ja jegee ca la génne fital ga ca mbar ma. Ca saa sa, Jasig ja dee.

Sàmba dagg tuuti ca deru mala wa, jox ko Dunguru. Ba mu noppee bàyyi lamam ya ak dàllam ya ca wetu déeg ba.



Xamna ni, kenn du mën a takk lamam ak sol dàllam.

Loolu a tax ba kenn amul tànk ak ay loxo yu tuuti ni yosam. Ca la ñibbisi ca dëkk ba.

Ca bis ba ca topp, Buur ba woo géwel yëpp ya nekk ca dëkk ba. Ndax dafa bëgg ñu yóbbu, janq ba ñu war a joxe sarax ca déeg ba.


Ndeysaan, Géwal yaa ngi topp xale bu jigeen ba, di ko wayal ak di ko tagg.

"-Yaw, jigeen ju am jom nga.

-Jasig ji lekkna sa ñaari mag yu jigeen.

-Yaw yaa leen di ñetteel, moo ne ragaloo Jasig ji.

-Dinanu am ndox mu neex ndax yaw."



Ba janq ba egsee ca déeg ba, dafa dugg ca biir ndox ma. Ma ngay gis Jasig ja di tëmb ca kaw ndox ma.

Ca la géwel ya ne, cëy bii musiba! Jasig ja nanguwul sunu sarax, maanaam bëggul janq bi ñu ko jox. Duñu am ndox itam, nun ñépp dinanu dee ak mar. Ndaxte ndaa yi amunñu benn toq ndox.

Nanu daw gaaw, seeti beneen janq bu ko gën a rafet ngir def ko sarax, jox ko jasig ja. Waaye jasig ji faalewu leen. Ñetteelu janq ba ñu tånn ma nga tudd Kumba. Doomu buur ba la.



Dañu ko doon méngale ak weer wi ndax rafetaayam. Dafa amoon tamit jom ni Sàmba.

Kumba ñëw dugg ca biir déeg ba. Waaye ba léegi, Jasig jaa ngi ne tekk-tekkaaral. Kumba saaga ko, teewul mi ngi ne tekk ba leegi. Mu jige ko rekk daldi ko wéq. Bi mu gisee ni yëngatuwul benn yoon, ca la yéeg ca kaw bopp ba, ba noppi wax ca kaw:

-Dafa dee! Jasig ji dee na!

-Népp dugg ci biir déeg bi. Ku nekk a bëggoon a gis **jaxran**, mala wi yàggoon a tiital waa dëkk ba. Ci la buur wax ak nit népp. Mune leen bu fekkee ki ray Jasig ji mënna koo firndeel, dinaa ko jox lépp lumu laaj.



Bi ñu déggee buur ba dig neexal ka ray jasig ja, nit ñu bari jóg di wax ca kaw.

-Man la! Man la!

Ku nekk, mu ngay nettali ngir gömloo buur ba ni moo ray Jasig ja népp ragaloon. Waaye kilifa, gu màggat ga gisoon lami Sàmba ya ak dàllam ya, wax ca kaw ne:

-Yii mooy lami Sàmba ak i dàllam, jàmbaar ja.

-Buur bi ne,képp ku takk lam yii ta sol dàll yii, ñëw fii, dinaa ko jox ab neexal.

Ku nekk di jéem a takk lam yi ak sol dàll yi. Waaye kenn mënu ko.

Benn rëbbkat ne kilifa gi waxul dëgg. Lam yii ak dàll yii, dañu tuuti lool. Benn xale moo leen fi fàtte. Te xanaa kenn du wax ne xale bi moo mujj ray Jasig ju réy ja.



Ñu woo xale ya benn benn ngir ñu seet ndax lam ya ak dàll ya jotna leen. Waaye kenn ci ñoom mënul a takk lam ya item mënul a sol dàll ya. Dañuy gën a tuuti sax bu fekkee ay xale ñoo leen bëgg jëfandikoo. Ca la rëbbkat ba waxee: "Dafa melne lam yi ak dàll yi, aw rab a leen fi fàtte."

kilifa ak xaritam ya diri jasig ja, ba ca tàkkal déeg ba. Mu yokk ca ne: "jàmbaar jooju moo dagg tuuti ci deru jasig ji." Ki yor der boobu na ko indi." Loolu dina firndeel jom ak fit wi mu am.

Jenn jigeen jóg ne: "démb am na gan gu nëw ci dëkk bi ñaan ma ndox. Ma may ko ndox mu tilim waaye mu bañ ne du ko naan. Mu génn dem ca déeg ba wuti ndox. Bi mu waññeekoo, indaale ndaal lu fees dell ak ndox mu neex. Jàppnaa ni moo ray Jasig ji."

Ca saa sa buur ba yónnee woolu gan ga. Bi mu egsee mu ne ko: Nattal lam yi ak dàll yi!



Sàmba natt leen, ñu yem kepp ci moom, terewul rëbbkat bi ne firnde yii rekk doyul. Mu yokk ci ne: Ana der bi ñu daggoon ci jasig ji?

**Sàmba liyaar** Dunguru, mu jox ko der ba, mu taf ko ci góom ba, mu yem ca kepp.

Buur ba ñëw ca wetu Sàmba ne ko: "Yaw gan gi, fexe nga ba ñu tàggoo ak jasig ji. Yaw yaay jàmbaru jàmbaar yi. Wax ma li nga bëgg, ma jox la ko."

Ginnaaw bi ñu ko nettalee mbiru ñetti jigeen ya ñu joxe woon sarax, jagleel leen jasig ja, ca la wax lii.

-Man Sàmba Gelaajégi lenn kepp laay laaj mooy: "Damaa bëgg ñu may ma Kumba mi am jom ta jàmbaare."

Ca saa sa, ñu may ko ko. Kumba séy ak Sàmba. Ñu am ay doom yu bari te jàmbaare ni seen ay waajur.

## Laaj yi

- 1 Wan tur lañuy woowee jinne ji? Nu mu mel?
- 2 Bi Sàmba di ray jinne ji, ndax dafa bëggoon a dimbali waa dëkk bi ñu am ndox?
- 3 Lu tax lam yi ak dàll yi tuuti ba kenn mënu leen a jëfandikoo?
- 4 Lu tax ñu ne Sàmba def na jaloore?

Söfér bu sàggan



# Söfér bu sàggan



Yamar, söfér bu sàggan la. Mu ngi yore benn oto njaga njaay bu màggat.

Boo xoolee oto bi, fu nekk mu ngi toj. Faari kanam yi war a leeral yoonam, su guddi jotee, dara tàkkatu ci. Pentiiri njaga njaay bi, dafa xolleeku ba dara desatu ci. Bu la oto bi wonee ginnaaw guddi, do gis dara ci moom. Ci biir oto bi, toogukaay yu bari dàmm nañu, mu takk leen ak ay sagar. Boo toogee ci biir oto bi, téen ci kaw di gis asamaan si.

Oto bi amul kayit yu bari. Asirās ba jeex na lu mat ay weer. Wisit teknik itam, oto bi amu ko.



Suba la Yamar war a yeb otoom bi dem Tàmbaa. Dafa gonnal ca garān palaas ba ba xaaжу guddi mu doog a tēddi. Yee ko jafe woon na ci suba si, ndax nelaw yi jeexul woon ci moom. Ba mu yeewoo ba taal oto bi, foo toll di dégg riiru motoor bi ak di séen saxaar si. Taal oto bi jafe woon na lool ci moom. Xale yi ci dëkk bi ñoo ko mujj a puus. Ba oto bi tàkkee, la jubali gaaraas. Ñaari waxtu lañu ci teg, koksëer bi woo ko, ne ko sa tuur jot na. Ci noonu, la Yamar indee njaga njaayam bi ngir yeb Tàmbaa. Àpparànti bi mo yéeg ci kaw oto bi di yeb bagaas yi. Oto bi fees na dell ba àpparànti bi amul fu mu toog.



Gannaaw ba mu tegoo ci yoonu Tàmbaa, Yamar di daw mel ni ku yor ab abiyoñ. Ak li tuy daw yépp, waxtu bu ñu ko woowee, mu jël telefonjam di tontu bay bëgg a saaraan. Mu dolli ci sigaret di sànni mego yi ci àll bi. Ci noonu la taalee daay yu bari ci yoon wi. Daay yi mu taal, tax na ba garab ak ñax yu bari lakk. Foofu, jur gi dunu amatidara luñu lekk.

Kiliyan yi ci biir njaga njaay bi, ñoo ngi waxtaan, waxtaan yu neex. Am na ci ñoo xam ne, ba ñu tegoo ci yoon wi ba leegi, ñu ngi xuloo ci seen biir. Ñenn ñi di werante ci politig. Ñeneen ñi di wax ci làmb ji war a am dibeer. Ku nekk di wax ne sa mbër mooy daan. Coow li ci biir njaga njaay bi mel ni tulleek malle.



Ba ñu yeggee Kawlax, Yamar taxaw ca estasiyoñ ba ngir yokk esaas.

Ci noonu, la kiliyañ yi wàcc oto bi di wuti lu ñu ndékkee. Am ci ñoo xam ne, puus-puusi yàpp yi lañu wutali. Ña ca des, dem ca meer bay jaay kafe tuubaa. Ba ñu ndékke ba suur, ñu teguwaat ci yoon wi. Ci biir oto bi, waxtaan wi dafa mel ni lu gën a tàkkarnaase. Ba ñu rombee Mbirkilaan, ca wiraasu Nawel ba, xaw tuut oto ba saaraan ndax xël yu metti. Ci noonu sax la ko sàndarma yi taxawalee. Ba ñu saytoo kayitu oto bi, la ñu seetlu ne, yu bari dañoo jeex. Yeneen kayit yu bari sax oto bi amu ko. Ci noonu, la ko sàndarma bi bindal kayit ngir mu fay.



Ba ko alkaati bi dello permi bi, Yamar teguwaat ci tali bi daldi yokk xél ya. Ba muy waaj a yegg Kungël ci la tàmbalee yëg coono. Mu gömmantu tàmbalee jayaxu. Ca noonu, biir oto baa ngi ne selaw. Kiliyanj yi sonn. Ñenn ñi di nelaw. Ñeneen ñi ni cell ngir coono yoon wu sori. Oto baa ngay yéeg ak a wàcc yoon wa te kenn yëgul ci dara. Ci noonu la daw ba daje ak kamiyonj bu jógee Mali. Kamiyonj baa nga yeboon ba fees dell ak bagaas. Fo toll ca biir Kungël di degg réll ja.



Kamiyoñ ba jógewoon Mali te yeboon ba diis moo nga daanu ca wetu càmmooñ ba. Guro ak saakuy kaarite ya mu yeboon tasaaroo ca àll ba. Oto Yamar ba moom daanu ci digg tali bi. Benn puno ba wekkeeku dali fële. Foo toll di dégg yuuxu kiliyan yi. Xale yi katamu seen yaay yi. Yamar tiit ba génn oto bi, yenu loxo yi wutali àll ba. Bagaasu kiliyan ya tasaaroo ca digg tali ba. Riir ma ak yuuxu yi moo woo waa kungël. Góor ña ak jigeen ñépp daw wutalsi aksidañ bi ngir wàllu nit ñi. Ku nekk ci ñoom, di daw xél yu metti ngir gaaw a egzi.



Ba waa dëkk ba egsee, lañu gis ne, riir mi moo rëy waaye kenn deewul.

Waaye nak, amna ñaari jigeen yu seen tànk dàmm. Am na benn xale bu góor bu sonn ndaxte bopp baa toj. Àpparànti ba, dafa mel ni loxo ndey-joor baa dàmm. Mettit ba sonnal na ko lool ba mu tëdd ci suuf di bërangu. Yamar, söfér ba moom, kenn xamul fu mu nekk. Söfëru kamiyoŋ ba, mucc na, dara mettiwu ko. Ñi gaañu ñépp a ngi tëdd, wallukat yi di leen upp.

Oto Yamar bi moom, genn wet ga tas na. Paraabiris ba itam toj na.

Toogukaay ya, yii dàmm nañu, yee tasaaroo.



Kenn ca wallukat ya moo jël telefonjam daaldi woo waa pompiye. Keneen ci ñoom, moo woo sandarma yi. Nees tuut, ñu dégg oto pompiye di ñëw. Foo toll di dégg yuuxoom gi "pii-poo-pii-poo". Ba pompiye egsee, lañu gis ñaari góor ak ñaari jigeen wàcc ci seen oto gàddu balankaar bi. Ca noonu, lañu jublu ci ñi gën a sonn. Ñu teg leen ci balankaar bi benn benn, dugal leen ci seen biir oto bi. Ba ñu noppee, ñu jubali opital ngir feg leen.

Ca noonu la sandarma yi doog a egzi. Li ñu njëkk a def mooy laajte ñan ñooy söfëru oto yi. Ci la jenn waay ñëw ci ñoom ne leen mooy söfëru kamiyoŋ bi.



sandarma yi laaj söfëru kamiyoñ bi ay kayitu otoom. Söfér bi jox leen bépp kayit bu ñu ko laaj. Ba ñu paree ak söfér u kamiyoñ bi, la alkaati yi laaj mbooloo mi ki doon dawal njaga njaay bi. Ñu xool ba sonn gisuñu Yamar foofu. Ci la jenn waay bu nekkoon ci njaga njaay bi xool penku, séen Yamar ci áll bi mu yenu loxoom ya. Noonu la ko alkaati yi fekk fi mu nekk indi ko. Yamar, aksidañ bi moo tax mu tåggoo ak sagoom. Ci la ko sandarma yi waxee ne kenn deewul waaye am na ñu am gaañu-gaañu. Bi ko sandarma yi dëfalee ba noppi, lañu ko laaj moom itam kayitu otoom. Yamar jox leen kayit yi. sandarma yi tàmbali saytu li waral aksidañ bi.



Bi sandarma yi saytoo aksidan̄ bi, lañu seetlu ne söfér u njaga njaay bi moo tooñ. Yamar moo bàyyi yoonam dem fekkiji kamiyon̄ bi. Dafa doon nelaw. Loolu moo indi jeeyë ji. Bi sandarma yi xoolee kayitu oto Yamar bi, lañu gis ne daraam teguwul ci yoon.

Benn sandarma bu jigeen jéng loxo yi dugal ko ci biir oto bi. Ba ñu yegee , ñu deglu ko. Li mu lay lépp dara taxawu ci. Ci noonu la ko sandarma yi tàmbalee yedd. Ñu xamal ko ne, oto malaaka la moytu ko. Wax ko itam daw ndànk dal ndànk. Sëfér bu ne, war na am kayitu oto yu leer.


## Laaj yi

- 1 Ban xeetu oto la Yamar am?
- 2 Ndax oto Yamar bi jàppandi na ngir dem Tàmbaa
- 3 Lu waral biir oto bi xumb?
- 4 Lan ngeen di xelal Yamar ngir liggeeyam bi gën a baax ?

# Lël bi



# Lël bi



Leegi Mustafaa daanaka dëgër na. Atum ren, lay am juroom benni at. Ay waajuram, war nañu koo waajal, mu dem dëkku maamam, Caameen. Dëkk boobu, Senegaal gépp xam na ko, ci fònk cosaan. Ca Caameen, juroomi at yu nekk, lël bu mag a fay am. Fu doomu Caameen nekk, du wuute xew-xew bu mag boobu. Góor, jigeen, xale, mag, ñépp dañuy teew. Dëkk bi day xumb; woto, sareet, welo, jakartaa, dañuy yeb ay nit riir wuti dëkk ba. At mii nak, dafa cee raw, ndax taxawal nañu kurel guy tòppatoo ndaje mi. Ci kurel gi, ñépp lañu ci boole. **Maas** yépp, **njegemaar**, **waxambaane**, ba ci mag ñi, góor ak jigeen, ku ci nekk am na luñu ko sas. Kureelu mag ñi moon tànn jamono ji lël bi di am ak bërëb ba ñu koy amalee.



Mbootaayi mag ñi joxe nañu xibaar bi ñépp doon xaar. Lël bi jàpp nañu ko ci ñaari ayu-bés yi jëkk ci weeru sàttumbar. Ca **ndand-foyfoy** ga nekk ca àll ba ca penku Caameen, lañu koy defee.

Juróomi kurel, lañu sàmp. Kurel goo ci jël, am na ay góor, ay jigeen, ci maas yépp. Am na kurel, guy toppatoo, wallum cet gi, ki ko jiite mooy Moodu Faal. Ca wetam, am na kurel guy lijjanti ak a saytu koppar yi, seen njiit nekk Elisabet Ngom. Am na itam geneen kurel guy toppatoo wàllum lekk gi ak naan gi. Kurel googu, moo ëpp ay nit. Njiit li, mu ngi tudd Omar Jóob, ñu **toftal** ca wetam Faatu Njaay. Juroomeelu kureel gi, mooy ña ñu raññee ci dëkk bi, ndax seen xel mu rafet. Kurel googu, day xelal yeeneen kurel yépp. Boroom dëkk bi, di Mangóone Njaay ak jaraafam, Saaxewar Cubb, ñooy saytu di lëkkale ligeeyi juróomi kurel yi.




Bërëb bi ñu war a xarafalee xale yi te ñu war faa dëkk diirub lël bi, dafa war a mucc ayib.

Xale yu góoru dëkk bi ñoo ko war a defar ci njiital magi dëkk bi. Jigeen ñi desuñu ginnaaw; basaq yi ñu war a lal ca bërëb ba ñoo ko rabb. Bale yi ñu war a setalee bërëb ba itam ñoo ko defar ci lim bu bari.

Ngir defar béreb bi, xale yu góor yi fajar lañu jël seeni jumtukaay wutali àll ba. Ca yoon wa ñu tase ak Baay Ndaraaw mu ne leen: "fexeleen ba bu leen gor garab guy dund. Bu leen fàtte wut ay xiis, xasi guy ak caxat."

Naka lañu dox tuuti, ñu séen ñeenti xale yu jigeen, Yaasin, Saarata, Majigeen ak Ulimata. Ku ci nekk a nga gàddu jaaseem. Maamur ne leen : "yeen fu ngeen jëm? " Saarata tontu ko ne: "dañoo bëgg a bokk ci ligey bi. Li leen war ci sunu rakk yi, moo nu war itam." Maamur tontu rakk ji ne ko: "wax ngeen dëgg. Aywaleen nu dem waaye xoolleen bu baax fi ngeen di teg seeni tànk. Àll bi dafa bari ay ndox - suuf."



Baay Aale woo na boroom dëkk yi di ay naatangoom ngir diisoo ak ñoom ci njëndam nag mi. Maam Góor ne: "pël yi, seereer yi ak jaaykatu yàpp yi xam nañu nag." Nañu bokk tånn ci dëkk bi ay pël, seereer ak jaaykatu yàpp, boole leen.

Baay Aale ne dina wax ab taawam mu ànd ak ñoom. Mu ñaax leen ne : "buleen yàkkamti te buleen werante ndax loolu day yàq am njënd." Mu dolli ci ne: "fexeleen am nag yu ndaw, yu suur, yu rafet te am jëmm ba xol yépp sedd."

Baay Moor ne: "nañu fexee teel a xëy balaa daral ba di xat ndax waxtu nawet wi." Baay Aale waxna Musaa ak Omar ñu takk seeni sareet yóbbu jëndkat yi daral. Déggoo nañu ci daje bunt kér Baay Aale, boroom dëkk bi, ginnaaw julli suba. Baay Aale ne dina jox njëgu nag yi taawam, Ngóor, mi war a ànd ak ñoom. Bi ñuy tàggoo bay dem, mu ni leen: "buleen biddanti de, ndax waruleen a naaje".



Suba teel, jëndkat yépp ñëw: pël yi, seereer yi ak jaaykätu ndawal yi. Baay Aale waññ xaalisu nag yi ci seen kanam teg ci loxo doom ji. Ñépp yéeg ci kaw sareet yi wuti daral ba. Fas yaa ngi **jiitlante** di jaabal ci xàll wu yaatu. Bi yoor-yoor di jot, yegg nañu ca daral ba, tàmbalee xool nag yi. Daral baa ngi fees dell, kenn mënul dégg ndax coowal nit ñi. Wawaale wi melni **tulli ak malle**, nag yi di tëb, di mbëkkante, sàmm yi di leen xàjjale. Jëndkat yaa ngi joxoñ **yëkk** yi ngir wawaale njëg yi, pënd bi ne gànññ ci daral bi.

Ndawi Baay Aale yi dañoo xaajoo ñetti kureel ngir yombal njënd mi. Kureel gu ne am benn pël, benn seereer ak benn jaaykätu yàpp, Ngóor miy fay topp ci ñoom.

Jënd nañu fukki nag ngir waajal fan i lël bi ak xew-xew bu mag bu mujj bi. Jëndkat yi yeew nañu nag yi ci pénc mi, jigeen ñi yeew leen di sarxolle, ñépp kontaan.



Baay Aale sant jëndkat yi ne leen: "seen jaan wàcc na, gàtt yi mucc nañu ayib."

Mu jàkkaarloo ak Yaay Binta ne ko: "woowal ñaari jigeen ci dëkk bu ne, ngeen njëndi ndugg mi".

Mu dolli ca: "nangeen bàyyi xel ne lëlu fukki fan ak juroom lay doon ci téemeeri njulli".

Bët set, ñu daje kër Baay Aale, xool li ñu war a jënd ak ñaata xaalis mooy doy.

Baay Aale ne leen: "buleen xeeb bés bi te buleen fàtte matt; nangeen wattu werante".

Jigeen ñi lim nañu lépp: sole, ñàmbi, pombieer, suppome, karoot, laaj, bineegar, poobar, diwlin ak yeneen.

Yaay Binta bind na lépp li ñu war a jënd ci ab kayit ak li ci war ci xaalis. Baay Aale jox ko xaalis bu takku ne ko: "nangeen teey te teel a xëy balaa naaj".

Suba teel, jigeen ñi dem märse, ñett ñu ne àndandoo jëndi dara ci jaaykat yu mag yi. Balaa tisbaar, sëf nañu lépp ci ay sareet jébbal ko Baay Aale ak kayiti firnde yi.



Tey ci ngoon la xale yi war a dem ca àll ba ngir ñu xarfal leen. Kenn ku ne, say waajur ñoo ngi lay waajal.

Baay Demba ak Yaay Ami woo nañu seen doom Mustafaa ngir ñaax ko.

Baayam ne ko: "sa maam yépp ay jàmbaar lañu; masuñoo tiit, masuñoo ragal, nanga leen roy."

Mu dolli ci ne ko: "waroo yuuxu, waroo jooy te bul saalit mukk, na nga dëgér."

Yaay ji ne ko: "góor dara warul metti ci moom te meewu gor laa la nàmpale, rikk bul ma rusloo."

Mustafaa tontu leen ne: "na seen xel dal, tiituma, yox -yoxiwuma te duma jooy mukk."

Baay Demba ne ko: "duggal ci wanag wi, nga ubbi ndaa li, yëngal ndox mi, naan ci, sangu ci."

Yaay Ami jox ko ay teere ne ko: "takkleen ci sa baat, sa loxo càmmoñ ak sa tànku ndeyjoor."

Ginnaaw tàkkusaan, Baay Demba, ñaanal ko, jàpp loxoom jëm ca pénc ma, bàjjanam Faatu topp ko di tagg.



Téemeeri xale yi war a dugg néegu góor yépp ñëw nañu ànd ak ñi leen di gunge. Seetaankat yi am **ñeewante** lool ci noom. Bi timis weesoo, ag góor gu mag wax ne: « na ngeen am jom te takk seen fit. » Ñu jiital leen wuti àll ba, yenn xale yi di jooy, am ci ñu dëgér. Mustafaa moom mi ngi yàkkamti, di kaf, di ree ak di **dëfal** moroomam yi. Genn góor ne leen : “noppileen, amul tiit amul ragal, doonleen ay jàmbaar.” Maam Mbisaan ak **xarfalkat** bi ak ñi koy jàppale ñoo nga ca seen ruq. Mustaafa ak yeneen xale yi am fit di, jëkkante dugg. Yenn xale yi di làqatu ndax ragal ku leen yóbbu.

Menn mag ne : « goreleen, lu metti yàggul te loo muñ mu jeex. » Bi ñépp noppee, selbe yi solal leen seeni yéere njulli, daggal leen ay lenge, yóbbu leen ca mbaar ya. Ci ab diir, yenn njulli yi nelaw ba **yàndoar**, Mustafaa moom di tooñ moroomam yi.



Bésu kasag bi, selbe yi di woy ak di tëgg, njulli yi ak yeneen selbe yi di awu. Sabar yi jolli, leeg-leeg, ay njulli jóg, **yaaba** di fecc, jigeen ñi di sàllarñiku. Seetaankat yi di yaggaayu ak a sarxolle, kasagkat bi di **daagu** ci géew bi. Ma nga naan: « Mbaar Masóogi wele ak mbaar njaay. » Awukat ya di tontu naan ko: « Masoógi Wele. » Jekki-jekki rekk Umar, benn njulli, tàbbi ci géew bi, dóor wenn woy wu ko baayam jängaloon. Ma nga naan: « mbaar a wele Mbaar Njaay mbaar a wele, njulli Njaay selbee Joob kaay ñu mbaarawele.»

Awukat ya jaar fa ak sabar ya, sarxolle ya ak pecc ma **jàllaañoo**; njulli yépp jógandoo feelu ko. Beneen njulli feelu ko: « demoon naa cuuruur, toolu baay Buur Njaay, nag ya bari niroo, sàmm baa mën a raññee. » Kasag yi gënatee neex, selbe yépp ne **wedem**, yéemu ba mujj di seetaan njulli yi.



Ñu xëy, góor gu mag di leen jàngal cax, léebu, waxin ak nuñuy jëfandi-koo garabi àll bi. Am selbe bu ne: « nangeen gore te buleen wor, as gor ñàkk du ko teree gore.» Beneen selbe teg ca ne: « nangeen am jom tey dox ci dëgg ndax dëgg mooy mujj.» Selbe bu mag bi ne: «dénknaa leen yar, sutura ak sàmm kóllare; defleen ko seen gànnaay.» Keneen teg ca ne: «génneleen coxor, kiñaan ak fiir ci seen i xol, buleen bañ kenn.» Kàddu gu ñu wax firi ko ci ay misaal ba njulli yépp xam li ñu ciy jàngale.

Bisu lakk bi, ñu taal sébb bu mag, lakk lenge yépp.

Ñu xéy, njulli yi sangu, solu ba jekk, waa dëkk yi, di sabaru ba añ jot. Mujj gi, Baay Aale jël kàddu ne: « sàntnaa mbooleem dëkk yi, ci ànd bu rafet bi ak déggoo gi. » Mu ne xale yi: « nangeen xam ne leegi yeen a bokk lépp, bennooleen te doon ay xarit.»

Waa dëkk yi delloo ko ag cant, niti diine yi ñaan ku ne ñibbi ak say xale.

## Laaj yi

- 1 Fan ak kañ la lël bi war a am?
- 2 Ndax jigeen ñi dañoo bàyyee góor ñi liggeey bi?  
Luy firndeel sa tontu?
- 3 Ndax xaley Caameen rekk ñoo bokk ci lël bi?  
Luy firndeel sa tontu?
- 4 Lan moo gën a am solo ci li xale yi jànggee ci lël bi?